


NZVIMBO YAKASARUDZWA

NAMWARI YOKUNAMATIRA

 Ngatirambei takamira kwekanguvana tichikotamisa misoro yedu kuti tinamate. Uye zvino, misoro yedu yakakotamiswa, uye ndinovimba kuti moyo yedu yakakotamawo, zvakare, handizivi kuti vangani manheru ano vari muno vangade kurangarirwa mumunamato, pane chimwe chinhu chakakosha? Ungasimudze ruoko rwako here, woti, “Mwari, ndipeiwo manheru ano izvo zvandiri kutsvaga.” Ishe vakuropafadzei.

² Baba vedu voKudenga, apo zvino mukuzvininipisa tiri kuswedera pane ichi Chigaro chikuru chenyasha, nokutenda, tinopinda muNzvimbo dzekure-kure; uko Mwari, neNgirozi, nemaKerubhi, nehondo yose yeKudenga vakaungana pamwe chete. Nokuti Wakati hakuna kana kadhimba kangadonha pasi Baba vedu voKudenga vasingazvizivi. Ko zvakawedzerwa zvakadini zvaAnoziva pano apo mazana evanhu vakakotamisa misoro yavo, uye vachidana kwaMuri nezvikumbiro zvakatsaurwa. Baba, tarisai pasi panyika ine zvainoshaiwa manheru ano, nokuti tiri vanhu vane zvatinoshaiwa.

³ Zvino ndinonamata, Mwari, nokuda kwekuti taungana pano uye tichiratidza kwaMuri kutenda kwedu muna Mwari anorarama Uyo anopindura munamato; tabuda kubva pakati penyika yeavo vasina kudzingiswa, pamoyo nenzeve, tikabuda kuti tirarame hupenyu wakatsaurwa, uye nokurarama tichipupura kutenda kwedu maMuri. Manheru ano tasimudza maoko edu, uye tichiti, “Tine zvatinoshaiwa.” Mwari vanodikanwa, pindurai mumwe nemumwe pachikumbiro chake.

⁴ Uye zvakare, Baba, tinonamata kuti iMi mutishanyire manheru ano Mushoko. Tinouya pano kuzogadziriswa, kuzonzwisisa, kuti tizive kuti tinorarama seyi muzuva rino ranhasi; izvo zvokutarisira, zvokuita. Nokuti, tinoziva Kuuya kwaIshe kuri kuswedera pedyo, zvichienderana nezviratidzo zvose zvakafanotaurwa nevaporofita. Tave kusvika munguva, Ishe, apo kudzikinurwa kwakakwana kuchapiwa kuvana veNyu. Mwari, regai tose, munhu wose, ange aripo, Baba. Ngapashaiwe kana mumwe chete achange asipo. Ndicho chinangwa chedu chokuve pano, Ishe. Tinokudai iMi, uye tiri kuedza kugadzirira nguva iyoyo.

⁵ Taurai nesu, tinokumbira zvakare, manheru ano. Uye podzai varwere. Vese vanorwara nevanotambudzwa vari muchivakwa chino, tinonamata kuti Muvapodze, Ishe; uye kunyanya avo

vane zvikumbiro zvepamweya. Tinonamata kuti Muponese mweya wese wakarasiika. Zadzai mutendi wese neMweya Mutsvene. Uye vandudzai kukwanisa neSimba mune vana veNyu vanotenda. Zviitei zvinhu izvi, Baba. Tinokumbira zvakawanda, nokuti iMi makatiudza kuti tikumbire, “kumbirai zvizhinji, kumbirai zvinhu zvikuru, zvakawanda zvacho,” kuti mufaro wedu uzadzikiswe. Uye tinozvokumbira nemuZita raJesu Kristu. Amenii.

Garai zvenyu pasi.

⁶ Ndinoti zvirokwasvo uyu mukana mukuru manheru ano, kudzoka pano papuratifomu zvakare, pano pachikoro chikuru, kutarisana nevanhu vakaisvonaka ava vakaungana kunze kuno kuzonzwa Evhangeri. Ndinokumbira tsitsi dzaMwari kuti dzindibatsire kukuudzai Chokwadi sekuziva kwandinoita Chokwadi. Achiri kukwanisa kuvhara muromo wemunhu, zvimwe chetezvo sezvaAkakwanisa muromo weshumba. Zvino kana ndingaedza kutaura chimwe chinhu chakatsveyama chichipesana nekuda kwaKe, munamoto wangu wakaperera ndewekuti iYe avhare muromo wangu, kuti ndisazvitaure. Nokuti, chokwadi, ndinoda kunge ndiri Kudenga, pachangu; zvino handizokwanisa kuveko, uye, kunze kwaizvozvo, ndinenge ndiri mutungamiri wenhema, mumwe munhu akaita chimwe chinhu chenhema. Kana ndikazviita, imhaka yokuti handizive mutsauko. Ishe vakuropafadzei.

⁷ Zvino, mangwana mangwanani, kana kuri kuda kwaMwari, ndiri kutarisira kutaura pamusoro pechidzidzo chiya, *Kuroorana NeKurambana*. Zvino tinovimba kuti muchauya, uye mugouya nemapenzura enyu nemapepa. Hatitore nguva yakarebesa, asi ndiri kungoda...Ndicho changa chiri chinangwa chokudzoka kwangu pano, kutanga, muIndiana, zviri zvakadakuvimbisai izvozvo. Zvino ndichaedza, mangwana mangwanani. Ndikazvitadzirira mangwana mangwanani, ndichadaro mangwana manheru. Asi ndichaedza mangwana mangwanani, kana Ishe vachida, kutaura pamusoro pechidzidzo chacho, pfungwa dzemaonero maviri. Zvino dai Mwari vakatibatsira kuti tizive zviri zveChokwadi, kungoziva zviri Chokwadi, kuti tigofamba tiri muChokwadi nemuChiedza. Isu...

⁸ Munoziva, ndaimbova neshamwari yekare yechitema. Akati kwandiri, akati, “Hama Billy,” akati, “Ini—ini handidi kana dambudziko parwizi.” Akati, “Ndinoda kunge ndine tikiti rangu muruoko rwangu. Zvino kana pembe yorira, handidi zvangu kana dambudziko ipapo. Ndakakumbira Ishe, karekare hako, kana paine chakatsveyama, regai ndichigadzirise iko zvino,” ndokuti, “nokuti kuchange kune dima nedutu mangwanani iwayo kana chikepe chosimuka kuenda kune rimwe divi.” Akati, “Handidi kana chipingaidzo. Ndinoda kuzvigadzirisa zvose iko zvino.” Ndizvo zvatauyira pano, kuedza

kuti tigadzirise zvipingaidzo zvose, kuitira kuti tigofamba tichikwira panguva iyoyo.

⁹ Zvino, handizi kuzotaura kwamuri zvakareba kwazvo manheru ano, nokuti tine shumiro mbiri mangwana. Zvino ndinobva ndatoenda, kumwe kunhu, kumwewo, dzimwezve shumiro.

¹⁰ Asi, zvino, muBhuku raDeuteronomio. Ndinoda kuverenga kubva pachitsauko 16, ndima nhatu dzokutanga, dzaDeuteronomio 16:1 kusvika 3.

*Rangarira mwedzi weAbhibhi, uchengete paseka . . .
JEHOVHA Mwari wako . . . nomwedzi (wechina)
waAbhibhi JEHOVHA Mwari wako wakakubuditsa
kubva—kubva Egipita husiku.*

*Unofanira kubaira JEHOVHA Mwari wako paseka,
yemakwai nemombe, panzvimbo iyo JEHOVHA
akasarudza kuti agarise Zita raKepo.*

¹¹ Zvino, chidzidzo changu manheru ano ndechokuti: *Nzvimbo Yakasarudzwa NaMwari Yokunamatira.*

Kana mukacherechedza, mwedzi waA-b-a-d- . . . -b pane, zvinoreva, “Kubvumbi.” Mwedzi waKubvumbi ndipo apo pavakabuditswa.

Uye zvino chinhu chinoshamisa ndechokuti isu manheru ano, sevanamati vaMwari, muzuva rino ratiri kurarama mariri, uye tinowana pfungwa dzakawanda dzakasiyana-siyana dzevanhu. Zvino kana pane pfungwa dzakasiyana-siyana pamusoro pechinhu, pane mibvunzo yakasiyana-siyana; panofanirwa kunge pane mhinduro imwe chete yechokwadi pane mubvunzo wese unobvunzwa.

Kana ndingabvunza mubvunzo, “Ichi *chii*?”

“Zvakanaka,” vanoti, “idhesiki.”

“Rinoitiswei?” Maona?

¹² Zvino, ipapo, mumwe angati, “Harizi dhesiki. Ipuranga.” Saka, ipuranga, asi riri zvakare dhesiki. Munoono, panofanirwa kuva nemhinduro yechokwadi pazviri.

Zvino kana ndikabvunza mubvunzo pane chinhu chipi zvacho, panofanirwa kunge paine mhinduro yechokwadi. Panogona kunge pane chimwe chinhu chiri pedyo nacho; asi panofanirwa kunge pane mhinduro yechokwadi, yakananga pane mubvunzo wese. Saka, nokudaro, mubvunzo wese unouya muhupenyu hwedu, panofanirwa kunge pane mhinduro yechokwadi, chaiyo.

¹³ Zvino, nhasi, tinonzwa—nonzwa zvichinzi, vazhinji vevanhu vedu munyika nhasi uno . . .

Sekuva mumishinari, ndakatora nzendo dzakawanda mhiri kwegungwa nekupoterera pasi rose, ndakasangana

nezvinamato zvakawanda zvakasiyana, zvakaita sechiBhudha, nechiMahomadhi, nemaSikh, nemaJain, nevamwezve, vezvinamato zvepasi rose. Zvino nemedu muno muUnited States; nedzimwe nyika dzekure, tinosangana nemakereke edu ose akasiyana-siyana, semakereke edu emasangano, tichitanga neRoman Katorike yepakutanga, zvino zvadaro neyemaGiriki, nevamwe vakadaro, ne—nevezvitendwa zvakasiyana-siyana, uye zvichidzika kupinda...ose mazera emasangano, ane mazana mapfumbamwe neanoraudzira akasiyana emasangano echiProtestanti.

Zvino, rimwe nerimwe rawo, ichokwadi, unogona kuona pfungwa yavo, uye handigone kuvawanira mhosva. Rimwe nerimwe rinotaura kuti iro ndiro rechokwadi, vane chokwadi. Uye vanhu vari nhengo dzemakereke aya vanofanira kuzvitenda, nokuti vakaisa magumo avo—avo, magumo avo emunaZiendanakuenda, pamusoro pedzidziso yekereke iyoyo. Uye vakasiyana-siyana kwazvo, mumwe kubva kune mumwe, kusvikira zvinogadzira mazana mapfumbamwe neanoraudzira emibvunzo yakasiyana-siyana.

Nokuda kwekuti, pane mazana mapfumbamwe neanoraudzira emibvunzo yakasiyana-siyana, panofanirwa kunge pane Mhinduro imwe chete yechokwadi. Zvino ndinoda kuti isu manheru ano, nokuti tiri kuedza kuenda Kudenga, kuti tisangane naShe wedu Jesu Uyo watinoda, ndinoda kutsvaka mumaGwaro kuti tizvione.

¹⁴ Zvino, kana uri mubvunzo wemuBhaibheri, zvadaro unofanirwa kuve nemhinduro yemuBhaibheri. Haifanirwe kubva muboka revarume, vanobva kune imwe yanano, kana kubva kune mumwe mudzidzisi, kana kubva kune rimwe sangano. Inofanirwa kuuya zvakananga ichibva muRugwaro, umo mune nzvimbo yaMwari yekusanganira, yekunamatira. Uye chokwadi, nokuti ndiMwari, pane nzvimbo yokusangana pamwe panhu, apo Anosangana.

¹⁵ Zvino, tinoona pano kuti muna Deuteronomio pano, pamavambo, Mosesi achidzokororazve kutaura Rugwaro, zvinhu zvaakange ambovaudza; kuti Akange avabuditsa sei neruoko rukuru, rwakasimba, kubva muEgipita, uye akanga kutanga avadzikamisa.

Vaishevedzwa kunzi “vanhu vaMwari” kusvikira vabuda muEgipita, zvino ndokuzonzi “kereke yaMwari.” Nokuti, kereke iungano, kana, chaizvoizvo, *kereke* zvinoreva “avo vakadanirwa kunze,” avo vakadanirwa kunze. Zvino vakabuda kubva muEgipita, kuitira kuti vave kereke.

¹⁶ Zvino Mwari akavaudza, apo ivo...vasati vagadza temberi nechero zvose zvavakaita, “Ndichasarudza nzvimbo yokunamatwa kwaNgu, uye Ndichaisa Zita raNgu mairi.” Zvino ndiyo nzvimbo chete apo Mwari anosangana naani zvake,

yakange iri yokusarudza Kwake Omene. Akasarudza nzvimbo yaKe. Zvino paAkasarudza nzvimbo yaKe, Akaisa Zita raKe. Ndimba yechi 2 pano inotiudza izvozvo, “Achaisa Zita raKe munzvimbo yaAkasarudza kuti vanhu vaMunamate mairi.” Zvino, chiripo ndechokudai, tinoda kuti tiwane kuti nzvimbo iyi iripi.

¹⁷ Paine pfungwa mazana mapfumbamwe neanoraudzira akasiyana-siyana, apa tichisiya zvinamoto zvose zvechihedheni, zvino tichingotaura zvechinamoto cheChikristu. Zvokuti, ndinonzwirawo mahedheni, kana kuti zvirowkazvo handaimbonda ikoko ndichinotaura navo. Asi, vakatsveyama. Chikristu ndicho bedzi chinamoto chechokwadi, Chikristu. Zvino ndiri kutaura izvi kwete nokuti ndiri Mukristu; nokuti, ndinotenda kuti ndicho Chokwadi. Ndicho chinamoto bedzi chakanaka.

¹⁸ Ndakange ndiri kubwiro kune bhiza jena rinoshandurwa pamaawa mana ega-ega. Apo, Mohammad, muprisita mukuru ne—nemutungamiri tichangobva pana Kristu, aifanirwa kunge ari muprofito, uye, handingapokane izvo zvaave ari, mushure chaimo mehama dzeMaccabee. Asi pavaka...Iye akafa. Iye akataura kuti aizomuka zvakare ozokunda pasi rose. Zvino, angaita maawa mana oga-oga vanoshandura vachengeti, uye vanochengeta bhiza jena paguva rake. Ivo vanga, kwemakore zviuru zviviri, vachitarisira kuti achamuka zvakare ogokunda pasi rose. Asi munoono...

¹⁹ Zvino mukaenda kuna Bhudha; Bhudha akararama mazana akawanda emakore, angave makore mazana makumi maviri nematatu akapfuura, mwari we—weJapan. Zvino saizvozvo aive mufungi mukuru, zvakada kudaro saConfucius, nevakadaro.

Asi vose ava, va...vavambi, nevakadaro, vose vakafa vane dzidziso dzavo dzepfungwa, uye akavigwa uye ari mubwiro.

Asi Chikristu, chakavambwa naJesu Kristu, pane bwiro risina chinhu. Ndiye aive Murume oga akambomira panyika, akararama akati, “Ndine simba rokuisa hupenyu Hwangu pasi uye nekuhumutsa zvakare.” Zvino iYe akazviita. Uye Anorarama nhasi.

Zvino tinoziva kuti Anorarama, nokuti iYe anesu uye Anozviratidza nezviratidzo zvinobatika nezvishamiso, zvaAkavimbisa kuti Aizoita achizviratidza. Zvekutoti, seShongwe yeMoto yakatungamirira vana veIsraeri nemurenje, inesu nhasi, kunyange mufananidzo waYo wakatorwa; ichiita zviratidzo nezvishamiso izvo zvaAkavimbisa kuti Yaizoita muzuva rino, tichiona maShoko ose aAkavimbisa achiratidzwa muzuva rino. Saka, rumwe ruzhinji rwenyika yevahedheni rwuri kune. Chingori Chikristu!

²⁰ Zvino, nokuda kwekuti pane mazana mapfumbamwe neanoraudzira emibvunzo pamusoro peapo Mwari anosangana,

“Anosangana nemaMethodisti, kana kuti Anosangana muBaptisti, uye Anosangana mune *iyi, neiyoy, neimwe.*” Zvino, pane mubvunzo ipapo, saka munhu wese anotofanirwa kuzvitsvagira ruponeso rwake omene nokutya nokudedera.

Asi manheru ano ndinoda kuedza kuwana, ndichiratidza neRugwaro, kuti nzvimbo yechokwadi ndeapo Mwari pavanosangana nokushumira pamwe nevanhu. Zvino, kana zvirizvo, ndiyo nzvimbo yega yaAnozosangana.

²¹ Zvino, tatora chidzidzo ichi kubva muna Deuteronomio. Ishoko rechiGiriki rinoreva zvakawanda, kana kuti, rinoreva, “mirairo miviri.” Shoko rechiGiriki, *Deuteronomio*, rinoreva “mirairo miviri yakasiyana.”

Zvino ndizvo zvingori naMwari, mirairo miviri yakasiyana. Zvino mumwe wacho murairo werufu, uye mumwe wacho murairo weHupenyu. Mwari vane mirairo miviri. KuMutevera, nekuMushumira nekuMunamata, Hupenyu; kuUramba rufu. Pane mirairo miviri muna Mwari.

²² Zvino, mumwe wemirairo iyi wakachere-...kugadzirwa ukaziviswa kunyika, paGomo reSinai. Mwari vakapa murairo kuna Mosesi neIsraeri. Kwete kuti murairo waigona kuvabatsira, asi murairo waingovaraidza bedzi kuti vaive vatadzi. Kusvikira panguva iyoyo, vaisaziva kuti chivi chii, kusvikira vave nemurairo. Hakungave nemurairo usina chitarafu. Murairo hausi murairo, usina chitarafu. Saka, nokudaro, “Kudarikwa kwemurairo chivi, uye mubhadharo wechivi rufu.” Saka nokudaro, kusvikira Mwari avagadzirira murairo, pakange pasina kudarika kwaiswa pavari.

Kana pasina murairo pano unoti haufanire kumhanya uchipfuura mamaera makumi maviri paawa, pakadaro unogona kumhanya zvinopfuura mamaera makumi maviri paawa. Asi kana pane murairo unoti haufanire kuzviita, saka pane murairo nechitarafu shure kwawo.

²³ Zvino, rufu, murairo werufu, waive mitemo yakapiwa paGomo reSinai, yakaudza munhu kuti aive mutadzi. Uye, kudarika mirairo yaMwari, akafa. Saka hapana ruponeso mumurairo. Wa...Wakanga uri mupurisa bedzi aikwanisa kukuisa mujeri; wakange usina chokukubuditsa kunze nacho.

Asi zvadaro Akapa mumwe murairo, pakange pari paGomo reKarivhari, apo chivi pachakacherechedzwa muna Jesu Kristu, zvino ipapo mubhadharo wakabhadharwa. Zvino kwete ne... Pasina murairo, “asi nyenya wakaponeswa,” nyenya dzaMwari, kubudikidza nokufanotemera kwekufanoziva kwaMwari kuvepo kwako.

²⁴ Zvino tinoona mirairo miviri iyi, Deuteronomio, ichtaura pamusoro pemirairo miviri. Pakange pane mirairo miviri. Mumwe wakange uri murairo werufu, mumwe wacho wakange uri murairo weHupenyu.

²⁵ Paivewo zvakare nesungano mbiri dzakapihwa kuvanhu. Tichataura nezvadzo mangwanani.

Imwe yacho yakapihwa Adhama iine zviga, “kana ukaita *ichi* uye ukarega kuita *icho*,” asi murairo iwoyo wakatyorwa. Adhamu, Evha vakautyora, mubindu reEdheni.

Zvino Mwari vakaita sungano yechipiri, vakaipa iyoyo kuna Abrahamama, zvino murairo uyu waive usina zviga. “Hazvisi zvawakaita kana zvauchaita;” Iye akati, “Ndakatozviita kare.” Ndidzo nyasha. Ndiwo murairo weHupenyu. Mwari vakazviitira izvozvo kuna Abrahamama neMbeu yake yaizomutevera, iyo, Mbeu yose yaAbrahamama.

Sokutaura kweBhaibheri, “Israeri yose ichaponeswa,” asi hazvirevi maJudha. Sokutaura kwaPauro, “Kuti iyo iri Israeri mukati, kana kuti Israeri kunze.” “Kunze,” sokutaura kwatakaita pane mamwe manheru, waive vana vaIsaka, kubudikidza nebonde. Asi murairo waMwari waive kubudikidza naKristu, yaive Mbeu yaAbrahamama yoHumambo, kuti, “nyenya Israeri yose inoponeswa.” Kuti, “Vose vari muna Kristu vakaponeswa,” vose, sungano yaMwari yechipiri. Asi zvinhu zvose izvi zvaifanomiririra Kristu.

²⁶ Zvino cherechedzai ndima yechi 2. Ndimba yechi 2 pano muna Deuteronomio 16, “Kunamata munzvimbo yaNdakasarudza.” Zvino munofanira kunamata Mwari, iYe akati, “Munzvimbo yaNdakasarudza,” kwete yakasarudzwa nomumwe munhu, asi, “iyo yaNdakasarudza.”

Zvino, kana Mwari vakasarudza nzvimbo, zvakatifanira zvino kuti titsvake kuti iYe akati kudini nezvayo. Zvino kuti iri kupi? Ndinoda kuiwana, nokuti, chokwadi, ndinoda kuMunamata.

Isu tose tiri pano, manheru ano, kuti tiMunamate. Takagara pano manheru ano, seMethodisti, Baptisti, Katorike, Jehovha Witness, Christian Science, nevose, asi tose tiri kutsvaga chimwe chinhu.

Tiri kuda kuziva Zvokwadi. Bhaibheri rinoti, “Muchaziva Zvokwadi, uye Zvokwadi ichakusunungurai.”

Mumwe munhu, haukwanise kuziva zvauroi kuita, hauzive kuti zvinoitwa seyiki kusvikira wave kuziva kuti zvinoitwa seyiki; hauzive zvokuita kusvikira wava kuziva kuti zvinoitwa seyiki, waro. Unofanira kuziva zvauroi kuita uye kuti zvinoitwa seyiki.

²⁷ Izvi zvinotiratidza kuti Mwari vane nzvimbo yekusangana yevanamati vaVo, mune imwe nzvimbo yakatsaurwa. Munzvimbo iyoyo, chete, Mwari vanosangana nevanoVanamata.

²⁸ Zvinowo, zvakare, nzvimbo yaVakasarudzira vanamati vaVo, Vakataura kuti Vachaisa Zita raVo. Zvino ngatitsvagei uye tigoona, kubudikidza neRugwaro, kuti nzvimbo iyi iripi. Chokwadi, kana Mwari Vakati vachaisa Zita raVo munzvimbo

iyoyi yaVakasarudza kuti vagosangana nevanhu uye vanamate pamwe navo . . . kana kuti ivo vaVanamate, waro, kuti zviri pane imwe nzvimbo muBhaibheri, nokuti zvaive zvemazera ose.

²⁹ Zvino Mwari mukuru asingashanduke haagone kushanduka. Munhu anoshanduka. Asi unogona kuisa hupenyu hwako pane chipi hacho icho Mwari vakambotaura panguva ipi zvayo, nokuti iChokwadi. IChokwadi. Nokuti, ndicho chinhu choga chandine ruvimbo machiri, iBhaibheri. Nokuti, shoko remunhu rinokundika, asi Mwari vari pamusoro pezvose.

Gore rino ndinofanira kuziva zvakawanda kupfuura zvandaiziva gore rakapera. Unofanirawo, zvakare, zuva roga-roga. Tine patinogumira, saka tinowedzera zivo.

Asi Mwari haana magumo. Iye haana magumo. Uye, nokuti haana magumo, haAgone kuwedzera zivo. Iye akakwana, kubva pakutanga. Sarudzo yose inofanirwa kunge yakakwana nemazvo.

³⁰ Uye nzira iyo Mwari vakamboita pane imwe nguva, iVo vanotofanirwa kuramba vachiita nenzira iyoyo, kana kuti Vakaita zvisizvo paVakazviita pakutanga. Kana munhu akambouya kuna Mwari achida ruponeso, panheyo yaVanenge vamugamuchira nayo, zvinotofanirwa kugamuchirwa panheyo imwe chete iyoyo nguva dzose. Ndizvozvo. Kana munhu akauya kuna Mwari kuti awane kupodza kwaMwari, zvino Mwari vomugamuchira pane imwe nheyo; munhu anotevera akauya, iVo vanofanira kumugamuchira nenzira imwe chete, kana kuti Vakakanganisa apo paVakagamuchira munhu wokutanga. Mwari vakaisa nheyo iyo yaVaizosangana nayo nemunhu pairo. Vakaisa nheyo yezvaVaizoita, kuti Vaizozviita seyi, zvino zvaive kubudikidza neropa rekupirisa regwayana mubindu reEdheni. Mwari havana kumbobvira, panguva ipi zvayo, vazvishandura.

³¹ Vakasarudza kuti Vaizoponesa munhu seyi. Taedza nhasi kudzidzisa munhu kupinda mazviri; taedza kuvaisa muchikoro, taedza kuvadzidzisa, taedza kuita sangano, taedza kuita zvose zvedzimwe mhando dzose dzezvinhu; kuvaunza mukati, kuvazunzira mukati, kuvabhabhatidzira mukati, nzira ipi zvayo iripo, kuvaunza mukati nematsamba. Asi zvichingori zvakadaro, zvimwe chetezvo, Mwari vanosangana nemunhu pasi peRopa reGwayana rakadeurwa. Ropa ndiro raive nzira yaMwari pakutanga, uye Ropa ndiyo nzira yaMwari manheru ano. Zvakanaka kutendeuka uchizvirwadzisa pamwe nezvimwe zvinhu zvose izvi, asi ruponeso rwunouya bedzi kubudikidza neRopa. Ropa ndiyo nzira bedzi Mwari yvakasarudza kuponesa munhu nayo, uye haAgone kuishandura.

³² Jobho akava nezvimwe chetezvo. Aiziva kuti aive akarurama, nokuti aive apira chi—chipiriso chaidiwa naMwari kubva kwaari.

³³ Zvino, ngatitsvakei zvino kuti tione kuti nzvimbo iyi ndeipi, uye nenzvimbo iyi yaAkaisa Zita raKe. Tiri kuzofanira kuti tiwane ipapo paAkaisa Zita raKe. Zvadaro, kana tazoona zviri Zita raMwari uye kuti Akariisepi, ipapo tave nenzvimbo yokunamatira kana tangozviona.

Zvinhu zvose izvi, chaizvoizvo, zvaive mimvuri yezvinhu zvaizouya. Wose murairo waifanofananidzira zvinhu zvaizouya.

³⁴ Sezvakangoita, mwedzi mumvuri wezuva. Unoshanda panenge pasina zuva, sezvakafanana neKereke inoshanda panenge pasinawo M-w-a-n-a-k-o-m-a-n-a waMwari. Kana Mwanakomana asipo, Chiedza chidiki, Kereke, vatendi, vanoshumira Mwari vachiratidza Chiedza apo Mwanakomana anenge asipo. Asi kana zuva rabuda, hauone mwedzi zvakare, nokuti wadzika pasi. Harichada chiedza chawo zvakare, nokuti unongowana chiedza chawo bedzi, kubva kuzuva. Zvino, somurume nomukadzi wake, zuva nemwedzi, iKereke naKristu.

³⁵ Zvino tinoona, kuti, zvinhu izvi zviri mumvuri waKristu. Chipiriso chose, mutambo, uye nezvese zviri muTestamende Yakare, zvaifananidzira Kristu; zvakafanana nemumvuri unopfuura nepasi. Zvino pano ndipo patichaona nzvimbo yechokwadi yokunamatira, kutodzokera muno muTestamende Yekare pazvakapihwa zvino toona kuti zvinhu izvi zvaivei.

³⁶ Zvino, kana mumvuri wauya nepasi, unogona kuviza kuti murume, mukadzi, kana mhuka, kana chero zvachingava, nokuti chinoisa mumvuri pasi. Zvino kana mumvuri wacho wave kuenda uchidupuka, mumvuri zvauri icho chinomiririra; hapangaite chinomiririra pasina chacho chakamiririrwa. Saka, kana chakamiririrwa chave pedyo nechinomiririra, changa chichimiririra chinomedzwa nechanga chakamiririrwa. Mumvuri ne—neicho chacho chinoisa mumvuri zvinouya pamwe chete, zvino ndizvo zvinobva zvazviita chakakwana.

Zvino kana “zinhu zvose zvakare,” Bhaibheri rakati, “muTestamende Yakare, zvaive mimvuri yezvinhu zvaizouya,” saka naizvozvowo Kristu waive mumvuri wezvinhu zvaizouya.

³⁷ Saka tinogona kuona, nemifananidzo yemuTestamende Yekare, paakasarudza iYe kuisa Zita raKe, uye ne... pari zvino. Zvino, sezviri mumvuri, uchidarika nepasi, ndati, ndicho chinomiririra, chiri mufananidzo. Saka isu, vanamati, nesuwo tinogona kuona mimvuri yemuTestamende Yakare ichinyangadikira mune chaimiririrwa chemune Itsva.

³⁸ Zvino, mitambo yose, mazuva ezororo, tabhanakeri yose, huni dzose, zvinhu zvose zvaive mutabhanakeri, zvose zvaifananidzira Kristu. Zvipiriso zvose, mirairo yose, zvose zvaive zvichifananidzira Kristu. Takapinda nemazviri, nguva nenguva, pano patabhanakeri.

Zvino tinoona, neizvozvi, kuti chitendwa chose, kereke, nesangano zvinobva zvasiwa shure. Hazvitombori mumujahwe,

zvachose. Chitendwa chose, kereke yose, sangano rose, zvakatosiwa kunze zvachose. Hapana nzvimbo yazvo zvachose.

³⁹ Hapana chinofananidzirwa muTestamende Yakare, kana chero papi zvapo muBhaibheri, zvekereke, asi mubatanidzwa wekumanikidzwa wemasvingo eBhabheri. Ndicho chinhu chega chinofananidzira kubatana. Nokuti, chakaitwa naNimirodhi, murume ane utsinye akaenda kunze ndokumanikidza nyika dzose duku kuti dziuye panzvimbo imwe chete uye nemasvingo makuru aya. Kwaive kunamata muchinamoto, ndizvozvo, asi chakange chisingacherechedzwi muShoko raMwari. Saka ndipo pamunoona kunamata kwemasangano kuchifananidzirwa, masvingo eBhabheri, muTestamende Yekare. Zvino, chinamoto ichi chaive chinamoto chaicho, asi kwete chinamoto cheShoko raMwari.

⁴⁰ Mwari havana kusarudza kuisa Zita raVo musangano ripi zvaro. Ndinoda Gwaro racho, kana zvakadaro. Ndinoziva vanotaura kuti iYe akadaro, asi iYe haana. Haagone kuisa Zita raKe panzvimbo dzakawanda, nokuti iYe akati Akaisa Zita raKe munzvimbo imwe chete. Uye, nzvimbo imwe chete iyoyo, rimwe nerimwe remasangano edu anoda kuti ndivo nzvimbo yacho, asi zvinopesana.

Asi iYe wakaisa kupi Zita raKe?

⁴¹ Zvino, uye, iYe, Zita raKe ndiyani, chokutanga? Tinotofanira kuti (Zita) tione kuti Zita raMwari nderipi tisati tawana kuti chii Chaari kuisa munzvimbo yacho.

Zvino, tinoona kuti Aive ane madunhurirwa akawanda. Aidaidzwa kunzi... Ainzi “Baba,” rinova dunhurirwa. Uye Ainzi “Mwanakomana,” rinova dunhurirwa. Ainzi “Mweya Mutsvene,” rinova dunhurirwa. Ainzi “Ruva reSharoni,” rinova dunhurirwa. “Ruva remuMupata,” dunhurirwa, “Nyeredzi Yemambakwedza.” “Jehovha-jire, Jehovha-rafa,” mazita manomwe akasiyana, akapetwa, erudzikinuro, uye ose zvawo aive madunhurirwa. Hapana rimwe rawo raive mazita.

Asi iYe ane Zita.

⁴² Zvino paAkasangana naMosesi, Aive asati ava neZita, zvino iYe akaudza Mosesi, “NDIRI WANDIRI.” Saka patinoona Jesu panyika, achitaura muna vaHebheru chitsauko 6... Ndine urombo, Mutsvene Johane chitsauko 6. Akati, “NDIRI WANDIRI.”

Vakati, “Nhandi, Ungoriwo Munhu asati ambopfuura makore makumi mashanu okuberekwa, zvino woti iWe ‘wakaona Abrahamama?’”

⁴³ Akati, “Abrahamama asati avepo, NDIRI.” Uye “NDIRI” aive Uyo, gwenzi raipfuta, Shongwe yeMoto yakange iri mugwenzi raipfuta kare mumazuva aMosesi, iye “NDIRI WANDIRI.”

⁴⁴ Uye zvino tinoona kuti Jesu akataurawo, zvakare, “Ndakauya muZita raBaba vaNgu, uye hamuna kuNdigamuchira.” Zvino, Zita raBaba rinofanira kuva Jesu. Ndizvozvo. Zita raBaba ndiJesu, nokuti Jesu akataura kudaro. “Ndakatakura Zita raBaba vaNgu. Ndakauya muZita raBaba vaNgu, asi hamuna kuNdigamuchira.” Zvino, Zita raKe raive Jesu.

Uye Gabrieri akaMudana kuti Jesu, vaporofita vakaMudana kuti Jesu, zvino Aive Jesu zvezmazvirokwazvo. Iye Asati aberekwa, kunyange vaporofita vatsvene vakadana Zita raKe *Emanueli*, ndiko kuti, “Mwari anesu.” Zvino, “Mwari vakaratidzwa munyama, kuitira kuti vabvise chivi chenyika,” uye, mukudaro, Vakapiwa Zita rekuti Jesu. Saka, Jesu ndiro Zita racho.

Zvino Zita rakaiswa muMunhu; kwete kereke, kwete sangano, kwete chitendwa, asi muMunhu! Akasarudza kuisa Zita raKe muna Jesu Kristu. Zvino tinoona kuti ipapo akabva ave iYe nzvimbo yaMwari yokunamatira, apo pamunoMunamatira.

⁴⁵ Kubvira iYe asati atomboberekwa, Zita raKe rainzi Jesu. Rakange rakakosha kwazvo, rakapiwa kuna amai vaKe neNgirozi Gabrieri, kuti Zita raKe raizonzi “Jesu, Mwanakomana waMwari,” izvo zvaAive.

⁴⁶ Hepanoi tave naro, zvino. Ndirori, rega. Ndiro, rake iYe oga, nzvimbo yakasarudzwa naMwari yokunamatira. Nzvimbo yaMwari, yakasarudzwa. Mwari vakasarudza kusangana nomunhu; maisava mukereke, kwete musangano, kwete muchitendwa, asi muna Kristu. Ndiyo nzvimbo chete Mwari pavanosangana nemunhu, uye anokwanisa kunamata Mwari, ndemuna Kristu. Ndiyo benzi nzvimbo. Hazvina basa kuti uri muMethodisti, Baptisti, Katorike, Protestanti, chero izvo zvaungava, pane nzvimbo imwe chete bedzi paunogona kunamata Mwari chaizvo-izvo, ndimo muna Kristu.

VaRoma 8:1, yakati, “Zvino hapasisina kupomerwa zvino kune avo vari muna Kristu Jesu, vanofamba kwete vari munyama, asi vari muMweya.” Ndiro Evhangeri.

⁴⁷ Tinogona kusiyana pazvitendwa. Tinogona kusiyana papfungwa dzakaitwa nevanhu. Unogona kuenda kukereke yeMethodisti, unofanira kunge uri muMethodist; muBaptisti, muBaptisti; muKatorike, muKatorike. Asi kamwe ukangobhabhatidza muna Kristu, zvino wova nhengo yoMutumbi waKe, hapachisina mutsauko. Mudhuri wepakati wekupatsanura waputsirwa pasi zvino wasununguka, nokuti wave muna Kristu Jesu. Zvino wave kunamata Mwari muMweya nomuZvokwadi kana wave muna Kristu Jesu. Izano raMwari kuti iwe uMunamate uri muna Kristu Jesu.

⁴⁸ Zvino, hapana kereke yesangano ingakambira izvi, hapana angazvikambira. Zvivindi zvei kukambira zvakadaro? Kuita chinhu chakadaro unenge wave mweya waantikristu, kutitora kubva pana Kristu; kutora kubva paAri. Haukwanise kuzviita. Kristu ndiyo nzvimbo yega apo Mwari pavanosangana nevanamati.

⁴⁹ Vanoti, nhasi. Ndakava nevanhu vachinditaurira. Mumwe murume wakandifonera nguva shoma yapfuura, muBeaumont, Texas. Akati, “VaBranham, kana zita renyu risimo mubhuku rekereke yedu, hamukwanise kuenda Kudenga.” Mungambozvingawo here izvozvo? Musafe makatenda chinhu chakaita saichocho. Vanofunga kuti unofanira kunge uri mune kereke iyoyo kana kuti hauende Kudenga. Zvakatsveyama. Kutenda izvozvo, huantikristu. Ndichataura izvi: kana uchitenda mweya wakadaro, wakarasiika. Ndicho chiratidzo chakanaka chokuti wakarasiika, nokuti zviru kubvisa pane zvakaikwa naMwari. Mwari havana kumboisa Zita raVo mukereke ipi zvayo. VakaRiisa muMwanakomana waVo, Kristu Jesu, apo iVo neMwanakomana waVo vakave Mumwe. Ndiyo nzvimbo chaiyo yechokwadi yokunamirira. Hapanazve dzimwe nheyo dzakaiswa, hapana rimwe dombo.

Pana Kristu, Dombo rakaoma, ndinomira;
Pamwe pasi pose ijecha rinonyudza.

Masangano achawondomoka uye nokuwa, marudzi achapfuura, asi iYe achagara nokusingapere. Hapanazve imwe nzvimbo ingawanikwe nemunhu, kuti anamate Mwari, yokuti Mwari vataure kwaari zvakare, hapana nzvimbo asi muna Kristu Jesu. Ndiyo nzvimbo bedzi, nzvimbo yoga yakasarudzwa naMwari kuti aise Zita raKe, uye nzvimbo bedzi yaAnosangana nemunhu, kuti anamate. Wakarasiika, kutenda zvimwewo zvinhu.

⁵⁰ Cherechedzai, mitambo minomwe yose yemaJudha yayitirwa munzvimbo imwe chete. Havaimbochengeta mumwe mutambo *pano* wemaMethodisti, uye mumwewo neche*kuno* wemaBaptisti, mumwe neche*uko* wemaPresbyteriani, mumwe shure *kuno* wemaKatorike, nomumwe wemaProtestanti. Yose mitambo minomwe yayitirwa panzvimbo imwe chete.

⁵¹ Mufananidzo wakaisvonaka uri pano. Tichangobva kupedza Mazera Manomwe eKereke, zvichiratidza kuti Mwari vakachengeta Mazera Manomwe eKereke ose ari muShoko, nokuti zera roga-roga rekereke raibuditsa chimwe chikamu cheShoko, uye pese pavakachibuditsa zvino vakaona Chiedza.

Sezvakaikwa vanhu vaye vakatanga kucherechedza zvekubhabhatidza nemuZita raJesu. Vakaiteyi? Vakaita sangano kubva pazviri, zvino rikabva rafira ipapo. Zvino Mwari vakanyatsa kubuda ndokupinda mune mumwewo munhu. Havasi kuzogara muzvitendwa izvozvo nedzidziso. Havanei

nechekuita nazvo. Hapana chakambotsveyama pana Mwari. Shoko raMwari idzvene, harina kusvibiswa. Kristu ndiye chinzvimbo chepakati chaMwari chokunamatira. Iye ndiMwari.

⁵² Mitambo yese iri minomwe inofanirwa kuchengetwa panzvimbo imwe chete iyi. Hawaikwanisa kuchengeta mutambo pane imwe nzvimbo. Asi iyo minomwe, nzvimbo. . . Mitambo minomwe yegore yaifanirwa kuchengetwa panzvimbo imwe chete. Saka, Mazera Manomwe eKereke aifanira kubva panzvimbo imwe chete, aive Kristu aitaura mune ose Mazera Manomwe eKereke. Ndizvozvo chaizvo. Mufananidzo, weMazera Manomwe eKereke, asi vakagadzira masangano kubva mazviri.

⁵³ Zvino ngatitarisei pane mumwe mufananidzo apo tichiri pano, ndiwo, mufananidzo wepasika, waifananidzira Jesu. Tinocherechedza pano chipiriso cheropa, kubudikidza norufu. Chipiriso cheropa ndicho chaive nzvimbo yaifananidzira Kristu. Ko sangano ringajuja ropa here; ungafunga here kereke ichijuja ropa, sangano richijuja ropa? Zvirokwazvo kwete. Zvakatora ropa, kujuja kubva muhupenyu. Zvino, hupenyu, pano Jesu anouya achionekwa kubudikidza negwayana. Gwayana raive mufananidzo waKristu, rakafananidzira Kristu, nokuti iYe aive “Gwayana raMwari,” rakaziviswa naJohane, “rinobvisa chivi chenyika.” Tinoona Jesu achiuya mukuonekwa, pano muna Eksodho chitsauko 12.

⁵⁴ Cherechedzai, ndiyo nzvimbo chete yakange isingakwanise kurohwa nerufu. Apo rufu rwaive rwoda kurova nyika, paifanirwa kunge pane imwe nzvimbo; vese vaive vasiri pasi payo vakafa. Asi nzvimbo imwe chete! Zvino, hazvaireva kuti yaive imba imwe chete; asi paive nenzvimbo imwe chete, ndipo apo pakauraiwa gwayana. Apo paive neropa regwayana, mutumwa werufu haaikwanisa kurova, nokuti yaive iri nzvimbo imwe chete apo Mwari akaisa Zita raKe. Zvino gwayana iri raive rapiwa zita kubva kumavambo, gwayana. Cherechedzai, yakange iri nzvimbo imwe chete yaaitadza kurova.

⁵⁵ Uye zvino zvimwe chetezvo nhasi. Pane nzvimbo imwe chete yekuti rufu rwepamweya harukwanise kurova, ndiro Shoko. Rufu harukwanise kurova Shoko, nokuti iRo ndiro Shoko benyu raMwari.

Asi kana mukaisa zvitendwa pamwe chete Naro, Shoko rinobuda roenda kwaRo rega. Rinozvipatsanura semvura ichibva pamafuta. Haukwanise kuzvisanganisa pamwe chete. Nokudaro, munoona, kana chitendwa chauya musangano, vose vanobva vatevera chitendwa; zvino Shoko rinobva rafa, zvino roenda mberi nomumwe munhuzve zvino robva Rawedzerwa zvakananyanya. Rinobva rakwidza chiero chokufamba, paRinobva pakururamiswa, kucheneswa, norubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, richienda kunze kunopinda muMbeu! Muri kuona

here nzira yakafambwa naMwari? Achiunza Zita raKe, nguva dzose, nokudzika nenzira imwe cheteyo, nokuti iYe iShoko.

Cherechedzai, haRigone kufa. Shoko roHupenyu harigone kufa.

⁵⁶ Cherechedzai kuti zvakakwana sei, iko zvino. Mutumwa werufu haana kurambidzwa kurova vanhu vakuru vemuEgipita vane pfungwa dzakatesva. Haana kurambidzwa kurova nyika dzayo dzakayereswa, zvivakwa zvayo zvikuru, vanaFaraao vayo. Kana, vapisita venyika, mutumwa haana kudziviswa kurova. Aigona kurova kana chipi zvacho chivakwa, chero nzvimbo ipi zvayo, kana ani hake, asi haaikwanisa kurova paive negwayana.

Rufu harukwanise kurova pane nzvimbo yakapiwa naMwari iyi, zvino ndimo muGwayana.

⁵⁷ Cherechedzai, hapana kana zvapo... wakarambidzwa kurova Israeri kana vapisita vayo vechiHebheru, uye, kana chero remasangano avo. Zvese zvinofanira kunge zviri munzvimbo yakasarudzwa naMwari, yaakapa, kana kuti rufu rwairova.

⁵⁸ Kereke, chero kwamuri, kwamunopindira, hazvina kana mutsauko kwandiri. Asi, pane chimwe chinhu chimwe chete chamunofanira kuziva, unofanira kunge uri muna Kristu kana kuti wakatofa. Haukwanise kurarama uri kunze Kwake. Kereke yako inogona kunge yakanaka, sechivakwa; kuwadzana kwenyu pamwe kwakanaka, semunhu. Asi kana ukaramba Mutumbi, Ropa, Shoko Jesu Kristu, wakafa nguva yaunongozviita. Inzvimbo yakasarudzwa naMwari yokunamatira. Ndipo pachopane Zita raKe, ndizvo chaizvo. Ndipo paAkasarudza kuti aise Zita raKe; kwete mukereke, asi muMwanakomana, Jesu Kristu.

⁵⁹ Cherechedzai, kuchengetedzwa kwaive bedzi munzvimbo yokusarudza kwaKe, mugwayana raKe, uye nemuzita regwayana.

⁶⁰ Cherechedzai, raive gwayana “gono”, rechirume, kwete rechikadzi. Kwete kereke, mukadzi; asi Zita reMurume, kwete zita romukadzi. Pachopane paAizosangana nevanhu painge pasiri nemuzita remunhukadzi, asi nemuZita reMurume, iYe, Gwayana!

⁶¹ Zvino tinoti, “Kereke, kereke huru, ine masimba, yakaita izvi uye ikaita izvo. Yakadarika nemumadutu. Takatowedzera pahuwandu hwevanhu. Tave nehuwandu hwakakura. Tiri kereke huru kwazvo. Yatove chinhu chikuru.”

Asi Mwari havana chavakataura pamusoro pemunhukadzi. Vakati, “Iye.” “Iye,” ndiye nzvimbo yokusanganira, Gwayana, kwete kereke. Kwete zita remunhukadzi, asi nemuZita raKe. Havana kuisa zita remunhukadzi papi zvapo. Vakaisa Zita raVo “maAri”!

Ndosaka, “Zvose zvatinofanira kuita, kana shoko kana mabasa, tinofanira kuzviita zvose nemuZita raJesu Kristu.” Kana tikanamata, tinofanirwa kunamata nemuZita raJesu. Kana tikakumbira chikumbiro, tinofanirwa kukumbira nemuZita raJesu. Kana tikafamba, tinofamba nemuZita raJesu. Kana tikataura, tinotaura nemuZita raJesu. Kana tichibhabhatidza, tinofanira kubhabhatidza nemuZita raJesu Kristu. Nokuti, “Zvese zvatinoina mushoko kana namabasa, zviite nemuZita raJesu Kristu.”

⁶² Mumwe muchinda akati kwandiri imwe nguva, tichikurukura nezvazvo, iye akati, “Hama Branham, mudzimai wangu, Handi...” Akati, “Mudzimai, zita rake ndorukuti *Ngana-na-ngana*.” Iye mushumiri, zvimwe akagara pano zvino. Zvino iye ndokuti, “Mudzimai wangu,” ndokuti, “ane zita rangu.” Ndichangoti Jones, nokuti akange asiri Jones. Akati, “Zvino, haafanirwe kumuka mangwanani ega-ega, oora mutsvairo oti, ‘Zvino ndave kutsvaira pasi nemuzita raJones, uye ndinosuka ndiro nemuzita raJones, uye ndinosona mbatya nemuzita raJones.’” Iye akati, “Handifunge kuti munofanirwa kudaizwa kana zita ripi zvaro.”

Ndikati, “Ndinotenda kuti unodaro.” Ndizvozvo chaizvo.

Zvino iye ndokuti, “Zvakanaka, seyi? Haasungirwe kuritaura. Zvinhu zvose zvaanoita zviri muzita raJones, kubvira pakutanga.”

⁶³ Ndikati, “Asi hauna kumbofamba uchidzika nemunzira ndokumutora, zvino ndokuti, ‘Handei, Jones.’ Aifanirwa kuva, kutanga, kubudikidza nemhemberero, mhemberero yemuchato, ‘Jones.’ Kana asina kudaro, muri kurarama muhupombwe. Zvino kana wakabhabhatidzwa neimwe ipi zvayo nzira isiri nemuZita raJesu Kristu, rubhabhatidzo rwehupombwe, rwusingawanikwe muBhaibheri.”

Zvino, “Zvaunoita mushoko nemabasa, zviite zvose nemuZita raJesu,” shure kwezvo, ndizvo zvaunoita. Asi kutanga unofanirwa kuuya nemuZita raKe.

⁶⁴ Pane madzimai akawanda akanaka zvikuru muchivakwa chino manheru ano, vakanaka kwazvo, madzimai akatendeka; asi pane mumwe chete anova Mai William Branham. Ndiye wacho anoenda neni kumba. Ndiye wacho ari mudzimai wangu.

⁶⁵ Pane vanhu vakanaka munyika, makereke akanaka; asi pane mumwe chete Mai Jesu Kristu, zvino ndiye wacho waAri kuvinga. Ndipo pane Zita raKe. Ndipo pacho pane kunamatwa kwaKe, muMudzimai uye iYe chete. Ndicho chokwadi. O, hongu, changamire. Tinozviona kuti ichocho ichokwadi.

⁶⁶ Zvino, ndosaka, isu, “Zvose zvatinoina mushoko kana mumabasa, tinozviita nemuZita raJesu Kristu.”

“Hapana rimwe zita rakapiwa pasi peDenga rokuponesa, asi Zita raJesu Kristu.” Mabasa, chitsauko 2, inotaura kuti, “Izvi ngazvivikanwe kwamuri. . .” “Hapana rimwe zita rakapiwa pasi peDenga iro rinogona kuponesa munhu, asi chete nemuZita raJesu Kristu.” Amen. Ndinotarira kuti mazvibata. Zita raJesu Kristu, zvese. . .

Denga reMatenga rinodanwa iYe, “Mhuri yese yeKudenga inonzi Jesu,” Bhaibheri rakadaro, “mhuri yose iri panyika inonzi Jesu.” Saka ndiro Zita rakasarudzwa naMwari apo iYe paAkaRiisa. Ndiyo nzvimbo yaKe yokunamatira, iri muna Jesu Kristu. Zvino, tinozviziva kuti ndizvozvo, hapana imwe nzvimbo yekunamatira kunze kwemaAri.

⁶⁷ “Hapana rimwe zita zvakare pasi peDenga rakapiwa pakati pevanhu, ravanofanirwa kuponeswa naro.” Rake ndiro Zita raMwari rerudzikinuro. Mwari vane zita rinonzi Jehovha-jire, Jehovha-rafa, Jehovha-jire. “Ishe vanoregerera zvivi zvako zvose.” *Jhovha-rafa*, “Ishe vanopodza zvirwere zvako zvose.” Vaive nemadunhurirwa akawanda. Asi Vane Zita rimwe chete reRudzikinuro, ndere rudzi rwevanhu, zvino ndiro Zita ra “Jesu.” Ndiro Zita raKe, raAkasarudza kuisa. AkaRiisa papi? AkaRiisa muna Kristu.

⁶⁸ Mamwe mazita ose emakereke, zvitendwa, madunhurirwa, rufu kuvimba mazviri. Uri kuvimba nekereke yeMethodisti kukuendesa Kudenga, wakarasika. Kana uchivimba nemaPentekosti, kereke yePentekosti kukuendesa Kudenga, wakarasika. NemaBaptisti, Lutherani, Presbyteriani, Katorike, chero kereke ipi zvayo; uri kuvimba nezita ravo, kana dunhurirwa ravo, kana chitendwa chavo, wakarasika.

Nokuti, haukwanise kana kunamata kusvikira kutanga wapinda munzvimbo yacho yokunamatira. Amen. Ndiyo nzvimbo yega iyo Mwari pavanosangana nomunamati, ndeiyoyo nzvimbo yaAkasarudza kuti aise Zita raKe. Dzimwe dzose, ukavimba nadzo, unofa. Iye zvakare. . .

⁶⁹ Mumwe mumvuri waJesu pano, ndakazvinyora pasi, Gwaro racho. Zvekare, iYe—iYe akafanofananidzirwa pano, “Anofanirwa kunge asina chipomerwa.” Nzvimbo yaAnoisa Zita raKe, gwayana iri rinofanirwa kunge risina chipomerwa.

Zvino, isangano ripi kana hurongwa paungaisa izvi; ikereke ipi, Katorike, Protestanti, chiJudha, chero zvaingave hayo? Hurongwa hupi, sangano, paungaisa izvozvo, “risina chipomerwa pariri”? Zvose zvakarambwa, uye hazvidiwe!

Asi pane nzvimbo! Hareruya! Nzvimbo iyoyo iri muna Jesu Kristu. Hapana chipomerwa paAri. Hapana mhaka maAri.

Haukwanise kuisa izvi. Vanhu vose ava vanoedza kuita zvakadaro, vachiti kereke yavo haina mhaka uye nezvose izvi. Ndevaya vatyori-veShoko, vane tsvina, vanoda, vakafa muchidimbu, chitendwa, chemuRaodhikia, asi hachisi

Chokwadi. Asi kunyange Pirato pachake, mhandu yaKe, akati, “Handione mhaka maAri.” Mhandu yaKe pachaKe yakapupura kuti iYe akanga asina mhaka. Haukwanise kuisa chivi paAri.

⁷⁰ Akati kuvaprisita vezuva raKe, “Ndiani pakati penyu anogona kuNdipomera chivi? Ndiani angaratidze kuti iNi Ndiri mutadzi?”

Ndiudzei kereke imwe chete ingati haina kana zvayakambotadza. Chaizvoizvo, hapana kana imwe chete yadzo, zvachose, asi kutoti vakauraya nokuita zvose zvingagonekwa kuti zviitwe, zvachose. Zvino voramba vachizviti...Saka haizi nzvimbo yaMwari yekusangana yekunamata, mune chero chitendwa kana sangano.

⁷¹ Shamwari dzangu, handidi kukurwadzisai, asi ndine mungava weMharidzo, uye, Mharidzo iyi ndeyekuti, “Budai kubva munyonganyonga iyi!” Zvino kana ndikakukumbirai kuti mubude, ndinozokuendesai kupi? Ndingakuendesai here kuBranham Tabhanakeri? Ingoriwo nemhosva sedzimwewo dzose.

Asi pane nzvimbo imwe chete yandinogona kukuendesai, apo pamakachengeteka nokudzivirirwa kubva parufu, ndimo muna Jesu Kristu, nzvimbo yaMwari yokunamatira. Ndiyo nzvimbo yandiri kukuzivisai, manheru ano, apo pakaiswa naMwari Zita raKe. Apo paAkavimbisa kuti Achazosangana nemunhu wose anopinda imomo, Anozonamata naye nokuva nemabiko naye, ndimo muna Kristu; kwete mukereke, hapana tabhanakeri.

Asi, muna Kristu, ndiYe Tabhanakeri yaMwari. Ndiye nzvimbo iyo Mwari akapinda mairi, pachaKe, zvino akagara maAri. “Uyu ndiye Mwanakomana waNgu anodikanwa, Uyo waNdinofarira kugara maari.” Ndimu umo Mwari maagere, ndokuunza Zita raKe zvino ndokuRiisa pana, Jesu Kristu. Saka, Zita raKe rakaiswa muMunhu, Mwanakomana waKe, Jesu Kristu, umo maAkanogara iye pachaKe, muTabhanakeri iyoyo.

Ndipo, mumufananidzo, Jerusarema rakare, mitambo yakare, temberi yakare, zvaive mufananidzo; apo chiutsi chakauya mukati, zuva riya rakapinda areka, yesungano, ikagara pasi, zvino Inzwi raMwari rakanzwika richibva mairi.

Saka ndizvo zvakaita Inzwi raMwari rakanzwikwa, richiuya muTabhanakeri, Jesu Kristu; apo, Yekare (yepanyama) yaive mufananidzo nemumvuri weItsva. Zvino paAkauya muna Kristu, Akati, “Uyu ndiye Mwanakomana waNgu Anodikanwa, Uyo waNdinofarira kugara maari. Zvino Ndichasarudza nzvimbo yaNdichaisa Zita raNgu, umo maNdichasangana nevanhu, uye umo maNdichanamata ndiri.” Mwari vakasarudza nzvimbo; kwete mukereke yesangano, asi muna Jesu Kristu. Hongu, changamire.

⁷² Anofanira zvakare kunge “asina chipomerwa,” sokutaura kwandaita. Hapana sangano ringazvitaure izvi. Vakadaro; ndivana antikristu.

⁷³ Zvino tinoona pano, cherechedzai mumvuri waKe zvakare. Gwa—gwayana rinofanira kuchengetwa. Zvino, izvi zvinowanikwa muna Eksodho 12, kana muri kuzvinyora pasi, Eksodho 12:3 kusvika 6. Gwayana rinofanirwa kuchengetwa kwemazuva mana, kuti rigoedzwa, kuti rionekwe kana rakakodzera kuti riende kunopiriswa here. Rinofanira kutorwa, ronanganidzwa zvakananyanya, kwemazuva mana, kuti zvionekwe kana paine chipomerwa pariri, kuona kana paine chirwere pariri, kuona kana paine chakatsveyama pagwayana racho. Rinofanirwa kuchengetwa kwemazuva mana.

⁷⁴ Zvino cherechedzai. Vamwe venyu mungadai mambofunga kuti aive mashoma, raiuraiwa nezuva regumi nemana. Asi, rangarirai, vaitora gwayana nezuva regumi remwedzi, rozouraiwa nezuva regumi nemana romwedzi, munoona, raichengetwa kwemazuva mana.

⁷⁵ Zvino, Jesu, Zita raMwari, Gwayana, akaenda muJerusarema uye akasazobudamo kusvikira mushure merufu RwaKe, kuvigwa, nekumuka. Akagariswa pasi pevatsoropodzi kwemazuva mana nousiku huna. Kufananidzwa kweGwayana kwakadini kwakakwana, kuchengetedzwa kwemazuva mana. Ndipo apo Pirato akati, “Handione mhaka maAri.”

⁷⁶ Mumwe mumvuri waKe, hapana bhonzo raizotyora maAri, zvaive zvakanatsokwana, apo pavakatadza. Mukuuraya chipiriso, havaifanirwa kutyora bhonzo. Dai zvaidaro, chairambwa. Vanga vatosimudza sando kuti vatyore mabhonzo mumakumbo aKristu, apo pavakati, “Atofa kare.” Vakabvowora parutivi rwaKe zvino vakawana Ropa nemvura.

⁷⁷ Cherechedzai zvakare chimwe chinhu chikuru pano. Handingachidarike, nokuti iYe akamiririrwa muzvipiriso, chipiriso chehupfu.

Ndinorangarira imwe nguva vakange vane chikoro, muBhaibheri, chainzi chikoro chevaporofita, zvino chaive chikoro cheimwe mhando. Zvino tinoona kuti Eria akaenda kuchikoro uku rimwe zuva, zvino ivo vakati, “Tsu...” Vakamugombedzera kuti abve, vakati, “Kana iwe uri pano, zvinhu zvinonyanyisa kuswatuka.” Saka vaida kuti abve aende.

Zvino vakaenda kuti vamutsvagire zvokudya zveimasikati. Zvino rimwe boka revapisita rakaenda, kana vaporofita, kunotsvaga nyemba, kuti vamugadzirire chokudya chemasikati. Zvino pavakazviita, vakazadza apuroni huru yadzo; zvino pavakadzoka, dzaive nyemba dzemusango, dzaive nechepfu, zvino vakadzikanda mupoto. Zvino poto dzakatanga kufanza, zvino ivo, mumwe, akati, “Maiwe, mune rufu mupoto. Zvino hatimbogoni kana kudya.”

Zvino Eria akati, “Ndipei chanza cheupfu.” Zvino akatora hupfu akahukandira mupoto, ndokuti, “Idyai. Poto yapodzwa.”

⁷⁸ Chipiriso chehupfu aive Kristu. Zvino huyo yose yaifanirwa kunge yakagadzirwa zvakafanana, uye kachidimbu kose kohupfu kaifanira kukuiwa zvakafanana, kuitira chipiriso chehupfu. Zvichiratidza, kuti, iYe ndiye mupodzi. Anotsivanisa, nokubvisa rufu, zvino oisa Hupenyu; nemirairo miviri. Hareruya! Pane rufu, pamwe panzvimbo; kana Kristu akapinda, Hupenyu hunopinda. Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingapere. Zvino paive nerufu, pakave noHupenyu, nokuti Kristu wakaunzwa, chipiriso cheupfu.

⁷⁹ Zvidzidzo zvikuru zvakadini izvo zvinhu izvi zvazvingave kana tikatora nguva yekuzvipatsanura! Zvino cherechedzai, hapana kana shoko rimwe chete remimvuri rinokundika. Hapana kana shoko rimwe chete rakambokundika, remumvuri. Zvinhu zvose zvakanyatsofananidzira zvakakwana.

Ndiye nzvimbo yakasarudzwa naMwari yokunamatira, uye Zita raMwari rakapihwa kwaAri. Ndiye nzvimbo yaMwari yekunamatira, uye Zita raMwari rakapihwa kwaAri. Ndiye Shoko raMwari, uye ndiYe Zita raMwari. Ndiye zvose Shoko raMwari neZita raMwari. “Aive Shoko rakaitwa nyama.” Aive Shoko raMwari, Gwayana raMwari, Zita raMwari, uye aive Mwari. Ndizvo zvaAinge ari, nzvimbo yakasarudzwa uye yega yokunamatira Mwari.

⁸⁰ Zvino Mwari vanoramba dzimwe nzvimbo dzose kusara kwemuna Jesu Kristu; haugone kuMunamata chero kumwe hako. Iye akati, “VanoNdinamata pasina, vachidzidzisa seDzidziso mirairo yevanhu.” Nhasi tine zvitendwa, dzidziso, nezvese, zvinodzidzisa kuti *iyi* ndiyo nzira uye *iyoyi* ndiyo nzira.

Zvino Jesu akati, “Ndini Nzira, Zvokwadi, neHupenyu, uye hapana munhu anogona kuuya kuna Mwari kusara nekwaNdiri.” Nemamwe mashoko, “Ndini Mukova kudanga remakwai. Vese vari kunze imbavha.” Ndiye kwekusvikira nako kwega. Ndiye Mukova. Ndiye Nzira, Chokwadi, Hupenyu, zvese zviripo; musiwo woga, nzvimbo yoga, kunamata kwega, Zita roga.

Zvinhu zvose zvakasungirirwa pana Jesu Kristu. Testamende Yekare yose yakasungirirwa paAri. Testamende Itsva yakasungirirwa paAri. Uye Kereke nhasi yakasungirirwa paAri, neShoko rekuraira kwaKe. Hapanazve imwe nzvimbo, kana rimwe Zita, kana kumwe kunhu, uko Mwari kwavakambovimbisa kusangana nemunhu; asi bedzi muna Jesu Kristu, nzvimbo yaKe yaakasaruza yokunamatira.

⁸¹ Cherechedzai, Mwari akavimbisa kusangana nevanamati vaKe munzvimbo iyi bedzi, uye iri yekusaruza kwaKe Omene; kwete yekusaruza kwedu, kwete yekufunga kwedu; asi yekufunga kwaKe, kusaruza kwaKe. Zvino inenge iri nzvimbo

iyo paAkaisa Zita raKe, apo paAkasarudza. Saka tinoona kuti tawana paive neZita raKe, iyo yaAkasarudza, nokusarudza kwaKe Omene.

⁸² Zvino zvatawana nzvimbo yacho paAkaisa Zita raKe, imo, muna Kristu Jesu, zvino hapanazve imwe nzvimbo, kana kuti hapana rimwe zita, magutsikana nazvo here? Itai, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvino, nyaya yacho ndeye kuti, kana tikawana pane nzvimbo iyi. . . Nzvimbo yokunamatira hakuna kumwe kwainogamuchirwa, kusara kwemuna Kristu bedzi.

Unogona kutendeuka, unogona kudaro, asi hausati watanga kunamata. Uri kukumbira ruregerero. Petro akati. . .

NeZuva rePentekosti, pavaKavaona vose vachitaura nendimi, nezviratidzo zvikuru nemashura zvichiitika, vakatanga kuseka, kereke yakazviita, uye vakati, “Varume ava vazere nehwaini itsva. Vanoita sevanhu vakadhakwa. Ivo. . .” Maria mhandara, navose havo, vaiva pamwe chete, zana nemakumi maviri vavo. Zvino vaidzadzarika sevanhu vakadhakwa, uye vachitaura nendimi, vachingoenderera. Ivo vakati, “Varume ava vazere nehwaini itsva.”

⁸³ Asi Petro, akamira, akati, “Varume nehama, varume ava havana kudhakwa nehwaini itsva, nokuti inongova awa yetatu yezuva. Asi izvi ndizvo zvakataurwa nomuporofita Joere, ‘Zvino zvichaitika kuti nemazuva okupedzisira, ndizvo zvinotaura Mwari, Ndichadurura Mweya waNgu pamusoro penyama yose; vanakomana nevanasikana venyu vachaporofita; pamusoro pevarandakadzi nevarandasikana vaNgu Ndichadurura Mweya waNgu. Ndicharatidza zviratidzo kumatenga kumusoro, nepanyika; moto, shongwe dzemoto, mhengo dzechitsi. Zvichaitika kuti, Zuva guru rinotyisa raJehovha risati rauya, kuti ani nani achadana paZita raShe achaponeswa.’”

⁸⁴ Pavakanzwa izvi, vakabaiwa mumoyo yavo, vakati, “Varume nehama, toita sey?”

⁸⁵ Petro akati, “Tendeukai, mumwe nemumwe wenyu, mugobhabhatidzwa nemuZita raJesu Kristu kuti mugoregererwa zvivi zvenyu, zvino muchagamuchira chipo cheMweya Mutsvene. Nokuti vimbiso ndeyokuti zvose zvizvarwa zviri mberi.” Zvino tinoona kudaro.

⁸⁶ Zvino tinoda kuona kuti tinopinda sey? *maAri*. Tinopinda sey? munzvimbo iyi yokushumira? VaKorinde Vokutanga 12 inobva yazvipedza, nokuti, “NoMweya mumwe chete!” Kwete nekereke imwe chete, kwete nechitendwa chimwe chete, kwete nemufudzi mumwe chete, kwete nemubhishopi mumwe chete, kwete nemuprisita mumwe chete. Asi, “NoMweya Mutsvene mumwe chete tose tinobhabhatidzwa muMutumbi mumwe chete,” unova iwo Mutumbi waJesu Kristu, uye nokuva pasi pechipo chose chiri muMutumbi iwoyo. Hongu,

changamire! Kwete kujoinha, kwete kutaura uchidzokorora zvitendwa, hapana zvokupombera kumusoro, kudzikisa pasi, kugwinhana chishanu, kanawo chipi zvacho. Asi, noKubarwa tinobhabhatidzwa muMutumbi waJesu Kristu! Ameni. “NoMweya Mutsvene mumwe chete tinobhabhatidzwa tose muMutumbi mumwe chete.”

⁸⁷ Zvino Mutumbi uyu ndeupi? “Pakutanga kwaive neShoko, zvino Shoko rakange riri kuna Mwari, uye Shoko raive Mwari. Zvino Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu.” Ko tinogona kuva seyi muMutumbi uyu zvino togoramba Shoko rimwe chete raRo, kana kuRiisa kumwewo kwaRisitombori muMutumbi? Ko tinodirei kudaro? Nzvimbo yakasarudzwa naMwari!

⁸⁸ Cherechedzai, kana wakabhabhatidzwa zvechokwadi maAri, chiratidzo chechokwadi ndechekuti unoMutenda, Shoko.

Ko ungave sei chikamu chaKe zvino wogozoMuramba? Ko ndingarambe sei ruoko rwangu kuti harusi ruwoko rwangu? Kana pane...Kana ndikadaro, pane chimwe chakatsveyama mupfungwa dzangu. Uye ndingadaro sei? Kana paine chakatsveyama nepfungwa dzangu, kuramba kuti urwu ruoko rwangu, kuramba kuti iyi itsoka yangu, pane chimwe chakatsveyama pamweya nomutendi anoramba Shoko ripi zvaro rakataurwa pamwe nokuvimbiswa naMwari. Pane chimwe chakatsveyama pamweya nouyo anozviti mutendi.

⁸⁹ Haugone kuramba kana vara rimwe chete raKe, nokuti wave chikamu chemumweyo. Uri chikamu chaKe nokuti wakabhabhatidzwa maAri; ne, Mweya Mutsvene wakakuunza muMutumbi waJesu Kristu. Chinhu chakanaka zvakadini!

⁹⁰ Mwari vakange vane imwe nzvimbo iyo yaVaisangana—yaVaisangana naAbrahama, uye ipapo Abrahama akanamata. Kwese zvichidzika nemuTestamende!

Zvino Shoko raKe rakavimbiswa richadudzirwa mauri, naIye. Mazvibata here izvi? Shoko raAkavimbisa kuzadzikisa muzuva mauri kurarama mariri: muchava tsamba dzakanyorwa dzaMwari, dzinoverengwa nomunhu wose. Kwete zvamunotaura imi, asi izvo zvinoitwa naMwari kubudikidza newe, zvichataura neruzha rwunopfuura zvaungataure. Mwari vakati, “Zviratidzo izvi zvichatevera kune avo vanotenda.” Zvinotaura nemauri.

⁹¹ Akataura nezve zera rino, zvichange zviripo zvino. Vatendi vezera rino vanofanirwa kutenda iZvi, zvaAkavimbisa nhasi. Zvimwe chetezvo sepavaifanira kupinda muareka, kuti vaponeswe; kubuda vachibva muEgipita kuti vaponeswe; vanofanirwa kuuya munaKristu, kuti vaponeswe zvino, kupinda muMharidzo yeShoko, yokuti ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.

⁹² Unopinda seyi maUri? Norubhabhatidzo! Rubhabhatidzo rwei, rwemvura? NoMweya Mutsvene! “Mweya mumwe chete, tose tinobhabhatidzwa muMutumbi mumwe chete uyu.”

⁹³ Zvino Shoko raKe rakavimbiswa, iYe haasi. . . Hauzofanirwe kuRidudzira. Iye anoRidudzira kubudikidza nemaUri; izvo zvauri kuita, izvo zvaAkavimbisa kuti achaita. Kereke inoMutevera ichave yakanyanya kufanana naYe kusvikira vanhu vachaziva.

Tarisai kuna Petro naJohane pavakabvunzwa nezve kupodza murume aive pagedhi rainzi Wakanaka. Vakati ivo, “Vakaona,” vaprisita vaya vakadaro, “kuti vaive zvose varume vasingazive uye vasina kudzidza,” asi vakazvicherechedza kuti vakambenge vaina Jesu. Nokuti, (chii?) vaiita zvinhu zvaAkaita.

⁹⁴ Aifanirwa kunge ari pabasa raBaba. Uye nhasi zvinofanira kunge zvakafanana.

⁹⁵ Zvino, rangarirai, ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi; nokuti Mwari vanosangana newe maAri, nzvimbo yoga iripo; nokuti ndipo paAkasarudza kuti aise Zita raKe, muna Jesu. “Jesu” ndiro Zita raMwari. Rangarirai, Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene, angori madunhurirwa kuZita “Jesu Kristu.”

⁹⁶ Mateo paakati, “Endai naizvozvo, dzidzisa marudzi ose, muchivabhabhatidza muZita raBaba, reMwanakomana, nereMweya Mutsvene.”

Zvino zvakadudzirwa zvisirizvo nhasi, vachiti, “NemuZita raBaba, zita reMwanakomana, zita reMweya Mutsvene.” Hazvina kana kumbonyorwa. Zvakanzi, “MuZita,” rimwe chete, “raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene.” *Baba* harizi zita, *Mwanakomana* harizi zita, *Mweya Mutsvene* harizi zita; idunhurirwa.

Mazuva gumi akatevera, Petro akamira akati, “Tendeukai, mumwe nemumwe wenyu, mubhabhatidzwe nemuZita raJesu Kristu.” Zvino akaita here zvaAkamuudza kuti asaite? Akaita zvaAkamuudza kuti aite. Zita raBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene ndi “Tenzi Jesu Kristu.” Munhu wose muTestamende Itsva akabhabhatidzwa nemuZita raIshe Jesu Kristu.

⁹⁷ Hapana kana munhu mumwe chete muBhaibheri akambobhabhatidzwa nemadunhurirwa aBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene. Hazvina kubvira zvakambovapo kusvika chitendwa cheNicaea pachakaiswa paNicaea, Rome. Hwakange huri hurongwa hwekereke yeKatorike, hwakawanikwa, hukasimbisa chinhu chimwe, muzvinyorwa zvechitendero chavo. Ndinazvo, ndizvozvo, *Facts Of Our Faith*, nezvakadaro, kuti chaizvoizvo chitendwa cheRoma Katorike. Vanokuudza kuti hazvimo muBhaibheri; asi vanoti vane simba rokushandura

Mashoko iwayo, kana vachida, nokuda kwapapa. Ndinopesana nazvo.

Jesu Kristu ndiye mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi. “Zvino ani nani hake anobvisa Shoko rimwe chete kubva muBhaibheri,” Jesu akadaro, “kana kuisa shoko rimwe chete paRiri, chikamu chake chichabviswa kubva muBhuku roHupenyu.” Shoko rimwe chete; kwete mutsara, kana ndima, asi Shoko! “Ani nani hake anobvisa Shoko rimwe chete. . .”

⁹⁸ Pakutanga, Mwari vakachengetedza vanhu vaVo neShoko raVo. Shoko rimwe chete, rakatsveyamiswa, rakakonzera rufu rwese, kushushikana kwemoyo kwese, kusuwa kwese. Evha, haana kutyora mutsara; asi akatyora Shoko rimwe chete. Jesu paakauya pakati peBhuku. . .Uku kwaive pakutanga kweBhuku.

Zvino Jesu paakauya pakati peBhuku, Akati kudini? “Zvakanyorwa kunzi munhu haangararame nechingwa bedzi, asi neShoko rimwe nerimwe rinobva mumuromo waMwari.”

MuBhuku rokupedzisira, Zvakazarurwa chitsauko 22, ndima 18, chikamu chaicho chokupedzisira cheBhaibheri, Jesu anotaura pachaKe, ndokuti, “Ndinopupura kuti kana chero munhu anobvisa Shoko rimwe chete kubva muBhuku iri, kana kuwedzera shoko rimwe chete paRiri, chikamu chake chichabviswa muBhuku roHupenyu,” nokuti muporofita wenhema uye atsveyamisa vanhu, zvino ropa ravo riri mumawoko ake acharipindurira, nokuita zvakadaro.

⁹⁹ Tinofanira kuchengetedza nzvimbo imwe cheteyo yokunamatira, ndiye, Jesu Kristu Shoko, mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi. Amen. Zvakana. Rangarirai, hapana imwe nzvimbo yekusangana yekunamatira, hapana nzvimbo. Mwari vakaIsarudza.

¹⁰⁰ Johane, shure uko kare pakubatanidzwa kweTestamende Itsva neYakare. Nyatsotererai zvino. Nyatsocherechedzai. Johane, chapungu chikuru chiya, chakauya chichibhururuka kubva murenje rimwe zuva, mapapiro acho makuru akatambanuka. Akamhara pamahombekombe eJorodhani, muprofita chapungu chikuru akabatanidza nzira iri pakati peTestamende Itsva neYakare, akavadana kubva kurudyi nokuruboshwe. Aidanira zuva rokutendeuka.

Hapo pakauya vaFarise nevaSadhuse kunze; akati, “Regai kutanga kuti mukati menyu, ‘Tina Abrahamu sababa vedu,’ nokuti ndinokuudzai kuti Mwari anogona kubva kumabwe aya kumutsa vana kuna Abrahamu.” Oh, ini zvangu!

Paakatanga kukandira Evhangeri yake kunze, achiti, “Pane Mumwe amire pakati penyu, Uyo wamusingazivi. Handisati ndaMuziva, asi ndichaMuziva kana Auya. Handina kukodzera kusunungura shangu dzaKe. Asi iYe achakubhabhatidzai neMweya Mutsvene neMoto. Rusero rwaKe rwuri muruoko

rwaKe; Uchanatsa kwazvo buriro raKe, uye Achapisa hundi neMoto usingadzimwe.”

¹⁰¹ Chapungu chiya chikuru cheEvhangeri chigere ipapo, achidanidzira kutyisidzira kwake kukuru. Zvino tsvina yakabuda, kana kuti Herodhe, mutungamiri wenyika panguva idzodzo, mushambadziri, akarooro mudzimai wemukoma wake. Zvino mungazvifunga here kuti chapungu chikuru chiya cheEvhangeri chakagara apo zvino chogonyarara pane zvakadaro?

Vamwe vavo vakati, “Usamboparidza pamusoro pekuroorana nokurambana zvino, Johane, nokuti Herodhe agere apo.”

¹⁰² Akanyatsofamba mberi pechiso chake zvino ndokuti, “Hazvibvumidzwe pamutemo kuti unge unaye.” Chokwadi!

Chii, iye, chaaive? Akange ari chapungu chiya chakabva murenje. Akange asina kudzidziswa pasi pekutyisidzirwa kana kuvhundutswa nevanhu, verimwe sangano. Asi aive akadzidziswa pasi pesimba raMwari saMasimba, kuti azive zvaizovepo. Aiziva chaizivisa Mhesiya.

Hareruya! Shoko racho rinoreva, “Mwari wedu ngaVarumbidzwe!” Usatye. Handisati ndambokuvadza munhu nazvino. Handisi kufarisa. Ndinonyatsoziva pandiri.

O, kana ndikafunga nezvake, chapungu chikuru chiya chichibhururuka uko chobva chamhara pasi! Akati, “NdichaMuziva kana Auya.”

¹⁰³ Mumwe musi aive akamira ipapo, achiparidza. Vaprisita vaive vari mhiri kune rumwe rufivi, vakati, “Uri kureva kuti pane imwe nguva ichauya apo zvipiriso zvezuva nezuva zvichazobviswa; temberi huru iyi yatakavaka, nebasa rose ratakaisa, isu sangano guru?”

Iye akati, “Pachasvika nguva iyo yokuti zvose izvozvo zvichabviswa.”

“Hazvibviri. Uri muporofita wenhema!”

¹⁰⁴ Zvino akatarisa-tarisa. Akati, “Tarirai, heunoi Uyo! Heyo nzvimbo yakasarudzwa naMwari yokunamatira. Hero Gwayana, Gwayana rechokwadi rinobvisa chivi chenyika.” Haana kuti, “Heinoini Methodisti yauya, heinoini Baptisti yauya, kana Katorike.” Akati, “Hero rouya Gwayana raMwari rinobvisa chivi chenyika.”

Nzvimbo yega yakachengetedzwa iri muGwayana raMwari. MaAri bedzi ndimo mune ruponeso; kwete mune chero kereke, chero chitendwa hacho, chero vanhu havo, chero baba, chero amai, chero munhu mutsvene, kana chero chii zvacho, nzvimbo tsvene. Iri muna Mwari Mutsvene, Ishe Jesu Kristu, apo Mwari paakaisa Zita raKe paMunhu, kuitira rudzikinuro, uYo

akatibhadharira mubhadharo isu vatadzi. Ndiyo nzvimbo yoga apo pane ruponeso. Ndiro Dombo randimire pariri.

¹⁰⁵ Johane akaMuziva. Akati, “Handina kuMuziva pandaMuona achifamba achiuya, asi kunze uko kwandakawana chikoro changu...” Kwete museminari kunge zvakaita baba vake; kwete semuprisita, akadzidziswa. Asi murenje, uko kwaaive museminari yechikoro chezvekushumaira yaMwari Samasimba, achimirira Shoko raMwari; kwete zvaive zvachochonywa nerimwe boka revarume, asi zvaive zvakataurwa naMwari pamusoro paZvo. Zvino Johane paakatarisa kumusoro akaona Mweya uchiuya, akati, “Ndiri chapupu, uyu ndiYe.” Oh, ini zvangu!

Heyo nzvimbo yenyu yokunamatira. Heyo nzvimbo yenyu yokuhwanda. Hero Gwayana raMwari rinobvisa chivi chenyeika. Kwete kereke, kwete chitendwa, kana chimwe zvacho, asi Gwayana raMwari rinobvisa chivi chenyeika.

¹⁰⁶ Honai kuti Johane akazviisa seyi? Haana kuti, “Imi vaFarise muri kwazvo-kwazvo, imi vaSadhuse, vaHerodhe.” Akati, “Hero Gwayana.” Ndiyo nzvimbo yacho. Ndiye ane Zita. Ndiye Wacho. Hapana rimwe zita pasi peDenga!

¹⁰⁷ Tarirai kuti Jesu akati chii pamusoro paJohane zvino. Rimwe zuva Johane akatumira kwaAri, kuti vaone zvaainge Ari kuita. Jesu akati pamusoro pake, “Ndiye aive chiedza chiya chikuru chinopenya,” kuvaratidza nzira yechokwadi yavanofanira kutevera iYe asati auya, kuuya kwaKe kwokutanga. Nyatsotererai. Musazvipotsa izvi. Jesu akati, “Johane aive chiedza chacho.” Maraki 3, hapana kukanganisa! Muporofita aive nechiedza chikuru chinopenya akaziva Jesu seaive iYe oga, “Gwayana.” Mamwe makwayana ose aitaurwa pamusoro pezvawo nevaprisita, nezvimwe zvinhu zvose, hwaive hupenzi. Hepano paive “neGwayana!” Murume aive nechiedza chikuru chaipenya, uyo akanzi naJesu ndizvo zvaave.

Maraki 3 yakati, “Ndichatuma mutumwa waNgu pamberi pechiso chaNgu kuti agadzire nzira.” Saka uyo akatumwa kuzogadzira nzira, akaMuziva, nzvimbo yacho. “Ndiye Wacho! Hapana kana kukanganisa. Ndiye Wacho! Ndinooona chiratidzo chichiMutevera. Zvino ndinoziva kuti ndiYe; Chiedza chichidzika pasi kubva Kudenga chichienda pamusoro paKe.” Zvaive zviri izvo chaizvo, kuti aive iYe.

¹⁰⁸ Zvino, hama yangu, ndinoda kukubvunza chimwe chinhu, mukuvhara. Tinogona kutaura izvi. Muna Maraki 4, hatina zvakare here kuvimbiswa chimwe chapungu, Shongwe yeChiedza kuti yaizotevera, kuzoratidza kereke iri kukanganisa muzuva ranhasi kuti ndiYe vaHebheru 13:8, “mumwe chete zuro, nhasi, uye nokusingaperi”? Hatina here kuvimbiswa mumwe kuti achauya achibhururuka achibva murenje? Amen! Ndicho Chokwadi chaicho. Zvinokwana seyi nokupindirana naRuka

17:30, apo Mwanakomana wemunhu (Chapungu) achange achizvizarura pachaKe kuti ashaise maturo dzimwe nzvimbo dzose dzokunamatira, dzakaita semasangano nedzimwe dzakadaro!

Mwari akasarudza nzvimbo yaKe. Johane akati, “Hero iRo!”

¹⁰⁹ Zvino takavimbiswa chinhu chimwe chetecho muzuva ranhasi, Maraki 4, “Kutendeutsa moyo yevana kudzokera,” kutaura kuti iYe haana kufa, izvi zvinhu hazvizi zverimwe zera; rubhabhatidzo nemuZita raJesu rwakange rwusiri rwekare uko, asi iYe ave mumwe chete zvino. Amen. Kushaisa maturo dzimwe nzvimbo dzose dzokunamatira, ndizvo zvinoitwa nechapungu chezuva rokuguma, kuratidza kuti zvimwe zvose izvi hupenzi, masangano hupenzi, asi kuvanongedzera zvakare nechiratidzo chimwe chete iYe chaakaita, kuti iYe ndiye mumwe chete zuro, nhasi, uye nokusingaperi. Hareruya!

¹¹⁰ Zvekare, munaZvakazarurwa 4:7, taive neZvipuka zvina zvatichangobva mukupedza nezvazvo.

Chokutanga chaive, takaona kuti...kuona kuti, chaive shumba. Ndicho chaive Chipuka chokutanga chakaenda chikanosangana nokupikisa kwezuva iroro, Shumba yeRudzi rwaJudha.

Mushure maYo kwakauya Chipuka chaitevera. Zvino tinoona kuti, Chipuka chaitevera chaive nzombe, inova chipuka chekutakura mumutoro, chipiriso. Mumazuva ekereke yeRoma, Kereke yakafa; chipiriso.

Chaitevera, aive munhu, chaive Chipuka chine chiso chemunhu. Zvino munhu uyu vaive vavandudzi, dzidzo yemunhu, dzidzo yekushumaira, nezvakadaro.

Asi Chipuka chokupedzisira chaizobhururuka, Chipuka chokupedzisira chaizouya, Bhaibheri rakati chaive chapungu chiri kubhururuka. Hareruya! Zvino muprofiti akati, muzuva rino, “Kuchava neChiedza.” O, ini zvangu! “Muzuva iroro kuchava neChiedza.”

¹¹¹ Kwakave nezuya revavandudzi. Kwakave nezuya raingori mumvuri, haungati izuva here kana husiku. Asi munguva yemadekwana, munguva yeChapungu:

Kuchave neChiedza munguva dzinenge
dzeChapungu,
Nzira yemuKubwinya chokwadi muchaiwana;
Munzira yemvura ndicho Chiedza nhasi,
Wakavigwa nemuZita raJesu rinokosha.
Vadiki nevatana, tendeukai pazvivi zvenyu
zvose,

Mweya Mutsvene chokwadi
 uchakubhabhatidzirai mukati;
 Nokuti Zviedza zvamanheru zvauya,
 Ndizvo chaizvo kuti Mwari naKristu Vamwe.

¹¹² Amen! Kuchava neChiedza munguva dzinenge dzemadekwana, nzvimbo yoga yakasarudzwa naMwari yokunamatira. O, Mharidzo iyi yasvika papi, ko iYe achozoitei? Zvino muzuva rake kuchava neChiedza panguva dzemadekwana, uye (chii?) kuzochingamidza vana vaKe vadzoka kumba kuNyika yevimbiso yechokwadi, nechiratidzo chimwe chete cheShongwe yeMoto yakatungamirira vana veIsraeri nemukati murenje.

Nzvimbo yakasarudzwa naMwari yokunamatira, Jesu Kristu. Ndiyo nzvimbo yoga iripo. Ndiro Zita roga rina Mwari reruponeso. Ndiro raAkadaidza naro mhuri iri Kudenga, kana iri panyika, ndiJesu Kristu.

¹¹³ O kereke, O vanhu, shamwari mutadzi, usavimbe nechimwe chinhu kunze kwaJesu Kristu. Usavimbe mune mumwe muparidzi. Usavimbe mune mumwe munhu kuti akuponese. Usavimbe neimwe kereke, chero chimwe chitendwa, chero rimwe sangano. Vimba bedzi muna Jesu Kristu, nokuti iYe ndiye Chiedza chenguva.

Ngatikotamisei misoro yedu.

Kuchave neChiedza munguva dzinenge dzemadekwana,
 Nzira yomuKubwinya chokwadi muchaiwana;
 Munzira yemvura ndicho Chiedza nhasi,
 Wakavigwa muZita raJesu rinokosha.
 Vadiki nevatana, tendeukai pazvivi zvenyu zvose,
 Mweya Mutsvene chokwadi uchapinda mukati;
 Zviedza zvemadekwana zvauya,
 Ndizvo chaizvo kuti Mwari naKristu Vamwe.

¹¹⁴ Oh, hama, hanzvadzi, kana usati watendeuka nazvino, kana usati wabhabhatidzwa nemuZita raJesu Kristu, haungabva here watanga kuzviita manheru anhasi? Haungape here Mwari mukana wekuti akuchingamidze kunzvimbo yaunogona kuMunamata? Rangarira, kunze kwaimomo, hakuna nzvimbo iyo Mwari yaakavimbisa kusangana newe agogamuchira kunamata kwako.

¹¹⁵ Iwe unoti, “Hama Branham, ndinonamata zvakanyatsoperera!” Ndizvo zvakaitwawo naKaini. Akaita mhando yechipiriso chose chakaitwa naAbhero, asi chakange chiri chipiriso chisicho. Unogona kuenda kukereke, wobhadhara chegumi chako, ugoita basa rako sezvinofanira kuitwa

neMukristu, wakangoperera somurume kana mukadzi upi zvake.

Ndamira pano kwemakore makumi matatu, muguta rino, ndikadanidzira Mharidzo iyi imwe chete. Ndave kuchembera. Handikwanise kunge ndichinemi kwenguva yakareba. Asi rangarirai, Muzuva roKutongwa, inzwi rangu rakarekodhwa, richataura richipikisana newe.

¹¹⁶ Pane nzvimbo imwe chete iyo Mwari anoisa Zita raKe, zvino hamusi mukereke, asi muna Jesu. Pane nzvimbo imwe chete yokunamatira, nzvimbo imwe chete bedzi yaunogamuchirwa, ndimo mune Anodikanwa, Jesu Kristu. “Hakunazve rimwe zita pasi peDenga, rakapiwa pakati pevanhu, rokuti uponeswe,” kwete kereke, kwete chitendwa, kwete kana hacho. Jesu Kristu!

Zvino inofanirwa kunge iri Mharidzo yenguva, “Kudzoserazve moyo yevana, kudzokera kune Kutenda kwakambopihwa kune vatsvene.” HaungaIgamuchira here manheru ano?

Zvino takakotamisa misoro yedu.

¹¹⁷ Zvino avo vanoda kurangarirwa mumunamato, mungasimudze here maoko enyu. Hatigone kukudanai kuti muuye kuaritari, nokuti makawandisa. Mwari vakuropafadzei. Ini zvangu! Kuruboshwe kwangu, ndinofungidzira kuti kune mazana matatu.

¹¹⁸ Zvino kurudyi kwangu, mungasimudza here maoko enyu, moti, “Ndinoda kuti ndirangarirwe.” Ndinofungidzira kuti kune zana nemakumi mashanu, kana kudarika, kurudyi rwangu.

Tine tabhanakeri zasi apo ine chidziva chikuru chemvura; mufudzi, mufudzi akaisvonaka, Hama Orman Neville, vabatsiri, varume vese ava vari pano vamuri kuona nokusangana navo. Mazuva ose, husiku hwose, maawa ose, vanhu vari kuda kubhabhatidzwa, vatendeuka, inogara nguva dzose yakangomirira. Uye kana ukateerera murairo iwoyo, une chokwadi, kubidikidza nevimbiso yaMwari, kana wakaperera mumoyo mako, kuti ugamuchire rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene.

¹¹⁹ Pane nzvimbo imwe chete yokunamatira. Zvino, haizi mutabhanakeri. Ndimu muna Kristu. Tinopinda seyi Maari? “NoMweya mumwe chete tose tinobhabhatidzwa mune Mutumbi mumwe chete uyu.”

Ngatinamatei.

¹²⁰ Mwari Vanodikanwa, maoko aya paasimudzwa mudenga, zvaratidza zvanga zviri pasi peruoko irworwo mumoyo, kugutsikana kwekuti vane chokwadi kuti vanoda rubatsiro kubva kwaMuri. Ndinonamatira mumwe nomumwe wavo, Baba. Zvino ndave kutaura kubva muShoko reNyu. Makati, “Uyo anonzwa Shoko raNgu, ogotenda mune uYo akaNdituma, ane

Hupenyu husingaperi, uye haachauya paKutongwa; asi apfuura murufu kupinda Muhupenyu.”

Baba, kungoenda ndichibva muguta mavhiki mashoma, ndadzoka, ndikabvunza, “Ko pamusoro *peuyu?*”

“Haiwa, akashaya.”

“Saka, ko pamusoro . . .”

“Akatoshaya.”

¹²¹ Mwari vanodikanwa, mumwe nomumwe tinodanwa, mumwe nomumwe tinofanira kusangana nekupikiswa kwekufamba tichidzika nomumupata wemumvuri werufu. Zvino zvinotarisirwa kune mumwe nomumwe wedu tose, sevanhu vanonofa. Asi, manheru ano, iMi matipa isu chikumbiro cheNyu, kuti kana isu tikatenda kwaAri uye tigobhabhatidzwa muZita raKe, kuti iMi muchazotipinza mukati. Zvino ipapo muMutumbi uyu, Mutumbi waKristu, kwete mukereke; asi muMutumbi waKristu, Mutumbi uyu wakatotongwa kare. Hauzofaniri kuuya paKutongwa. Mwari vakadurura hasha dzaVo pamutumbi uyu, zvino mutumbi uyu wakasunungurwa kubva pachivi; zvino, nokuva maAri, zvinotisunungura kubva pachivi, kubudikidza neYananiso yaKe akatifira isu. Zvino imomo tine kuyanana mumwe nomumwe, apo Ropa raJesu Kristu, Mwanakomana waMwari, rinotichengetedza takachena kubva pane chivi chose nokusvibiswa.

¹²² Mwari, Baba, ndinonamata kuti iMi mutore mumwe nomumwe wavo muHumambo hweNyu. Zviitei, Mwari. Ngapashaiwe kana mumwe chete wavo anorasika; ngapashaikwe mukomana kana musikana, murume kana mukadzi. Ishe, vamwe vevanhu vangu vagere muno, manheru ano, avo vasiri pasi peRopa. Ndinogona kurangarira zvanaka seyi mashoko ababa vangu! Zvino ndinonamata, Mwari Vanodikanwa, kuti pashaiwe kana mumwe wavo anorasika. Zviitei, Ishe. Ndiri kutenda kwaMuri zvino, nezvese zvandinokwanisa kutenda nazvo.

¹²³ Fambai pamusoro pehama dzangu, hanzvadzi, shamwari dzangu, pano munzvimbo ino manheru ano nokunze uko mudzinhare. Matunhu mazhinji akasiyana-siyana ari kuteererawo kuno, kwese uku kubva kuMahombekombe eKumabvazuva kusvika Kumadokero. Ndinonamata, Mwari Vanodikanwa, zasi uko mhiri kwegwenga uko muTucson, mberi uko muCalifornia, kumusoro muNevada neIdaho, kumusoro uko necheKumabvazuva nemunharaunda, zasi muTexas; apo kokero iyi ichipiwa, vanhu vagere mu—mumakereke madiki, nzvimbo dzokudirira peturu, mudzimba, vari kuterera kuno. O Mwari, dai uyo akarasika murume kana mudzimai, mukomana kana musikana, panguva ino, auya kwaMuri. Zviitei izvi iko zvino. Tinozvikumbara nemuZita raJesu, kuti vawane nzvimbo yechengetedzo iyi nguva ichiripo.

Kana, tichiona chinyorwa pamadziro, nyika yave kusagadzikana, nguva yokudzikinurwa yaswedera pedyo. Chidimbu chenyika yedu chive kunyura, chimwe chidimbu chiri kungokunguruka chichiputika nokundengendeka kwenyika, sezvakavimbiswa naJesu kuti zvichave saizvozvo. Ngazvirege kuvatorera nguva ndefu, Ishe. Ngavagamuchire iko zvino, nokuti tinovaisa kwaMuri semikombe yemusangano, weEvhangeri, nemuZita raJesu. Amen.

¹²⁴ MunoMutenda here? Mwari vakuropafadzei. Vangani vanotenda kuti ichi iChokwadi, kuruboshwe rwangu, simudza ruoko rwako. Ko vangani kurudyi, simudza ruoko rwako. Mwari vakuropafadzei. Sokwandiri kugona kuona, munhu wose. Ndicho Chokwadi, shamwari. Mwari vanoziva kuti ichokwadi.

¹²⁵ Zvino apo tiri Maari, uye nokuva Maari, une mukana kune zvese zvaAkafira. Zvino iYe akafirei? “Akakuvadzwa nokuda kwekudarika kwedu, ndokuiswa mavanga nokuda kwekusarurama kwedu; kurohwa kwakatiunzira rugare rwedu kwaive pamusoro paKe, zvino nemavanga aKe takapodzwa.” Munozvitenda here izvi? Munotenda here muyananiso yaKe yekupodza zvino?

¹²⁶ Pane vanorwara here pakati pedu? Ngavasimudze maoko avo, kurudyi kana kuruboshwe. Mhomho huru yezvirwere. Handikwanise kudana mutsara. Munoono, handisati... kusakwanisa kuuya kumusoro papuratifomu. Hapana kana nzira yekuzviita.

Vane misangano yeminamoto kunze kune dzimwe nzvimbo, yevarwere, mumakereke nezvimwe, zasi mutabhenakeri.

Ndichakubvunzai chimwe chinhu. Mune vatendi vangani varimo? Simudza ruoko rwako. Zvakanaka. Ndichataura kwamuri zviru muShoko, rinova Kristu. Kuraira kwaJesu kwokupedzisira kunyika, nokuKereke, waro, Akataura izvi, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda; kana vakaisa maoko avo pavarwere, vachaporeswa.” Vangani vanoziva kuti ichokwadi, Mariko 16, itai, “Amen.” [Ungano inoti, “Amen.”—Mupepeti.] Zvakanaka. Ndiri kukukumbira somutendi kuti uise maoko ako pane mumwe munhu ari pamberi pako. Ingoisa maoko ako pane mumwe munhu ari pamberi pako, zvino regai mumwe nomumwe tinamate munamoto tichinamatirana iko zvino. Isa maoko ako pane mumwe munhu ari pedyo newe.

¹²⁷ Ishe, pano pamberi pangu pane bhokisi remahengechepfu, zvidimbu zvidiki zvemachira; vamwe mai vakwegura varere kumwe kunhu, vachifa, mwana ari pedyo nerufu, vanhu vanorwara kwese-kwese. Tinoverenga muBhaiheri kuti vakatora kubva pamutumbi waPauro mahengechepfu nemaapuroni, vakazviisa pane vanorwara; zvino mweya yakaipa, nemweya yetsvina, nezvirwere, nehosha, zvakabva pavanhu. Zvino, Ishe, tinoziva kuti hatizi Mutsvene Pauro, asi

tinoziva kuti iMi munoramba muri Jesu, nzvimbo yoga yakapiwa naMwari yokunamatira. Uye zvino, nhasi, vanhu ava vapupura kutenda kwavo kumwe chete, vachitenda sezvakaitwa nevanhu ivavo. Chokwadi iMi mavagadzirira nzira yavo! Zvino ndinoisa maoko angu pane mahengechepfu aya uye ndichikumbira kuti hoshha pamwe nokutambudzwa kubve pane mitumbi yevanhu avo pazvichaiswa pavari nemuZita raJesu Kristu.

¹²⁸ Zvino, takadzidziswa, kuti Israeri payaibuda kubva muEgipita, vari mumutsara webasa, vaive vari munzira yavo kuenda kune nyika yechipikirwa. Gungwa Dzvuku rakamira munzira yavo. Zvino Mwari ndokutarisa pasi nemuShongwe yeMoto, zvino gungwa rakatya, rikakunguruka richidzokera shure, rikasiya Israeri ichipfuura kuenda kunyika yechipikirwa. O Mwari, tarirai pasi kubudikidza nemuRopa raJesu, manheru ano, uye dai hurwere hwakungurukira shure, uye Satani adzingirwe kunze. Zvino dai vanhu vapfuura kuenda kuvimbiso iya yehutano hwakanaka nesimba, iyo Mwari akati, “Pamusoro pezvinhu zvose, ndinoshuva kuti mubudirire muhutano.”

¹²⁹ Zvino sezvaMunoona apo, Ishe Jesu, maoko evanhu ava akaiswa pamusoro pemumwe nemumwe, ari kumirira kutenda kwavo, nokuti Makati, “Zviratidzo izvi zvichatevera kune avo vanotenda.” Vari kunamata nenzira yavo, mumwe kune mumwe. Munhu ari pedyo ari kuvanamatira.

¹³⁰ Zvino, Ishe, kupikiswa uku kwazadziswa, kuti Satani, manyengeri mukuru, haana kodzero yokubata mwana waMwari. Iye munhu akatokundwa. Jesu Kristu, nzvimbo yoga yokunamatira, Zita roga rechokwadi, akamukunda paKarivhari. Zvino tinotora Ropa raKe iko zvino, kuti Akakunda hurwere hwese, nehosha dzose.

Zvino ndinodanira kuti Satani abve muungano ino. NemuZita raJesu Kristu, buda kubva muvanhu ava, uye kuti vasunungurwe.

¹³¹ Munhu wese anogamuchira kupodzwa kwake nokuda kwekuti zvakanorwa muShoko, ita chapupu chako nokusimuka netsoka dzako zvino woti, “Iko zvino ndinogamuchira kupodzwa kwangu nemuZita raJesu Kristu.” Simukai netsoka dzenyu.

Mwari ngavarumbidzwe! Hezvoka izvo. Tarisai nechekuno uku, zvirema uye nezvimwe zvichisimuka. Mwari ngavarumbidzwe. Ndizvozvo. Ingotenda. Ari pano. Zvinoshamisa kwazvo!

¹³² Kunze uko muungano, vari kunze, vari panhepfenyuro, munofanira kuona! Ndinofunga kuti munhu wose muno, sokuziva kwangu, kana kuti vazhinji vacho, vakamira panguva ino. O, inguva inoshamisa zvakadini! Hupo hwaShe, ndihwo hwacho! “Pane Hupo hwaShe, pane rusununguko, pane kusunungurwa.” Mweya waMwari unotusunungura.

¹³³ Zvino nokuti iYe atipodza, tinozvitenda. Atiponesa; tinozvitenda. Avo vanoda kubhabhatidzwa, chidziva chatogadzirirwa. Chero nguva ipi zvayo, awa ipi zvayo yaunoda kuuya, panenge pane mumwe munhu ikoko anoona nezvazvo.

Uye zvino ndinofunga, tisati tavhara, tinofanira kuimba rwumwe rwiyo rwakare rwekereke. “NdinoMuda, ndinoMuda nokuti iYe wakatanga kundida.” Ngatisimudzei maoko edu kuna Mwari zvino tochiimba nemoyo yedu yose!

Tinoda kusangana nemi pano mangwanani, nenguva dza nine-thirty, muchivakwa chino chimwe chete, kuchidzidzo che *Kuroorana NeKurambana*. Ndizvozvo.

Ngatichiimbei zvino pamwe chete.

NdinoMuda,

Regai ungoro iyi huru ichiimbe iko zvino! Kunze uko kunhepfenyuro, chiimbeiwo, zvakare.

Nokuti Wakatanga kundida
Akatenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

¹³⁴ Zvakaitwa kupi? Pamuti weKarivhari. Patiri kuchiimba zvakare, ndinoda kuti ukwazisane nemunhu wese ari pauri, woti, “Mwari vakupafadze iwe, mufambi.”

Ndi...(. . . ? . . .)

Nokuti Wakatanga . . .
Akatenga ruponeso rwangu
Pa . . .

¹³⁵ Oh, hamuMude here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Haashamise here? [“Ameni.”] Iye ndiYe here Nzvimbo yako yeKuvanda? [“Ameni.”] Ndiye Dombo munyika yafa nenyota, Hutiziro munguva yedutu, nzvimbo yoga yeHupoteri yandinoziva. Saka:

Kutenda kwangu kunotarisa kwaUri,
Iwe Gwayana reKarivhari,
Muponese weKudenga;
Zvino ndinzweiwo apo ndichinamata,
Bvisai kupomerwa kwangu kwose,
Ndiregei kubvira nhasi
Ndive weNyu zvachose!

Ngatisimudzei maoko edu tichichiimba.

Kutenda kwangu kunotarisa kwaUri,
Iwe Gwayana reKarivhari,
O Muponese weKudenga;
Zvino ndinzweiwo apo ndichinamata,
Bvisai chivi changu chose,
O Ndiregei kubvira nhasi
Ndive weNyu zvachose!

Ngatikotamisei misoro yedu zvino tichichiimba mahon'era.

Apo ndinofamba nemuninga yehupenyu ine
rima,

Uye kusuwa kwakandimomotera,

Ivai iMi Mutungamiri wangu;

Rairai rima rive chiedza,

Pukutai misodzi yokusuwa ibve,

Kana kundirega ndichitetereka

Kubva kwaMuri.

Apo misoro yenyu yakakotamiswa, mufudzi wedu
anodikanwa, Hama Orman Neville, vachaparadzanisa
ungano.



NZVIMBO YAKASARUDZWA NAMWARI YOKUNAMATIRA SHO65-0220
(God's Chosen Place Of Worship)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Mugovera manheru, 20 Kukadzi, 1965, paParkview Junior High School muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice of God Recordings.

SHONA

©2018 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org